ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАУНЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№70 (23.728) ● 2018 гъэм мэкъуауэгъэм (июным) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къабэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий яIуощIэ зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм

Республикэм и районипIлым, Налшык, Прохладнэ, Тырныауз къалэхэм щыщу зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм яIущIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр.

ЗЫХЭПЛЪА Iэхугъуэхэр екъэIлат жылагъуэхэр зэIуэпэщ щыным, гъэрухэр егъэфIэкIуэным, сабий куэд зыпI унагъуэшхэхэм щы къарегъэтыным. Я3ныкъуэхэм зыкъыхуагъэзащ республикэм и псэупIэ-коммунальнэ комплексым, егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэныкIэ Iэхуэщ1апIэхэм я лжкьыгъэм теухуауэ.

КъаIэта Iэхугъуэ зыбжанэ занщIу зэфIэха хъуащ. Нэхъ куууэ зыхэплъэн хуейхэр зыхуэфащэ министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципальнэ щIыпIэхэм я Iэтащхьэхэм пщэрылъ щащIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къабэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм цыхуэзащ

ХъумапIэ банк акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Апщэ-Къухьэпс банкым и тхьэмадэ Титов Евгений

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ экономикэм и Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм защIэгъэкъуэным, хьэрычэт Iэнатlэ мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьным яныщIа Iуэхуэхэм, инвестицэ, инфраструктурэ проект хэхуэ промышленностым, туризмэм, мэкъумащ хозяйствэм я Iэнатlэхэм екъэIлаХэр гъэзэщIэным банкыр зэрыхэтым.

Псалъэмакъым къыдэхущамкIэ, ХъумапIэ банкым Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щита кредитхэр сом мелард 26-м щIегъу, абы щыщу цIыху щхьэхуэхэм процент 49-р хухахащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Урысейм и щIыналъэхэр гъэсыныпхъэкIэ зэпIэзэрыту къыззгъэпэщыным теухуа зэIущIэ Сечин Игорь иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ икIи къыщыпсэлъащ КIуэкIуэ Юрий

Щ1ыналъэхэм зыкъыз3ерыхуагъэзам къыхэкIыу «Роснефть» НК» ПАО-м и гъэзэщIакIуэ директор нэхъыщхьэ Сечин Игорь дыгъуасэ Москва щригъэкIуэкIащ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьныныгъэ УФ-м и щIыналъэхэр гъэсныпхъэкIэ зэпIэзэрыту къыззгъэпэщныным теухуа зэIущIэ.

АБы и лэжьыгъэм хэтащ Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, Красноярск крайм и губернаторым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Усс Александр, Москва областым и Iэтащхьэ Воробьёв Андрей, Саратов областым и унафэщI Радаев Валерий.

Урысей мэкъумэщIыщIэхэр щIыдагъэм къыхащIыкI гъэсныпхъэкIэ къыззгъэпэщныныр абыхэм я уасэр къэралыгъуэм зэрыщыхэхъуам къиша щытыкIэмрэ зэIущIэм щытепсэлъыхьащ.

«Роснефть» НК» ПАО-м ХъыбарегъащIэ политикэмкIэ и управленэм къызэритам ипкъ иткIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа
Указ №241-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэныным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкIауэ хэтхэм я IуэхукIэ» 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIныныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Мовсисян Грант Олег и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр;

Асанов Алим Урысбий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пэжыгъэмэ щIыхуэхэм социальнэ дIэпыкъуныгъэ етыныкIэ и министрыр;

КIурашин Анзор Владимир и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ Iуэхущ1апIэхэм я министрыр;

Хьэсанэ Ислъам Марат и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр;

б) **Бэлэтокъуэ Владимир Хьэмац и къуэм** и къуыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыуэныныгъэмкIэ и министрыр»;

в) **Безниковэ Иринэ Сергей и пхъум** и къуыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и Iэнатlэм щыкIэлъыплъыныныкIэ и министрыр»;

г) **Куныжь Вячеслав Хьэждал и къуэм** и къуыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрыр»;

д) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыхэгъэкIыжын Гуэбэшев З. А., Къудей А. М., Тюбеев А. И. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 30-м
№80-УГ

Депутатхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщаплъыхь

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я IуэхуэмкIэ и комитетым и унафэщI Нилов Ярослав, УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Черкасов Алексей, УФ-м и Пенсэ фондым и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ Иванов Алексей сымэ зыхэт гупыр Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIащ.

АБы И П1э къихуэу депутатхэр кIуащ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэр щаIыгъ Iуэхущ1апIэхэм, «Дыгъэпс къалэ» сабий академием, нефрологиемкIэ центрыщIэхэм, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексэм, КъБР-м и Пенсэ фондым районхэм щиIэ къудамэхэм. Апхуэдэуи КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ бюджетым щымыщ къэрал фондхэм я гъэсныгъэ щIыналъэм къыззрыщцыз3гъэпэщам теухуа «сIол хъурейр».

УФ-м и Къэрал Думэм и лыкIуэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ иragъэблагъащ икIи абы къыщыщIэж нарзаныпсым епльащ, Iуащхьэмахуэ метр 3847-кIэ кIапсэ гъэзагъэмкIэ дэкIащ, адэкIэ ратракхэмкIэ метр 4200-м нэс дэкIуеящ. ХьэщIэхэм республикэм и цIыхухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэныныкIэ Iэмал псори зэрыщыIэр жаIащ, бгы-лыжэ трассэхэр, псы хущхьуэ къыщIэжьIэхэр, хьэуа къабзэр, къурш лъагэхэр ягу ирихьащ икIи Iуащхьэмахуэ лъапэ ильэсым и хуэреягъкIэ цIыхухэм туризм Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщыхуащIэфым адрей зыгъэпсэхупIэхэм къащхьэщигъэкIыу къалъытащ.

Хьэщ1эхэм я гъусащ КъБР-м къыбгъэдэкIыу УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щыIэ Марьяш Иринэрэ Геккиев Зауррэ, КъБР-м и Парламентым хэтхэр.

ТАРИМ Алисэ.

● Бахьсэн щIыналъэ

Марьяш Иринэ Куба щохьэщIэ

Урысейм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ хэхакIуэхэм щалуащIащ Бахьсэн районым хыхьэ Куба къуажэм.

УПЩIЭХЭР, лъэIуэр яIэу депутатым зыхуагъэзащ цIыхублым. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыт сабийхэр кIыщIрашэкIкIэ абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, мылъкукIэ цIыхухэм защIэгъэкъуэным, 1932 гъэм Куба къуажэм щауха курыт еджапIэ №91-р здэщытым и деж школыщIэ щыщIыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къаIэтащ.

Марьяш Иринэ къуажэдэсхэм гупсэхуу едаIуэщ, зэчэнджэщIыпхъэхэм захуигъаазэри, Iуэхухэр зэрыхъуну щыкIэр къагурегъаIуащ. Бахьсэн районым администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм хьыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, цIыхухэм къаIэта Iуэхугъуэхэр зэрызэфIахым езы депутатыр кIэлъыплъыну хэхакIуэхэр къигъэгугъащ.

Къищынэмыщ1ауэ, Марьяш Иринэ яхуэзащ «Урысей зэкъуэт» партым и Куба къуажэм щиIэ къудамэм жыджэру хэтхэм. ЗэIущIэм кърихьэлIащ «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэм и секретарь, Бахьсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къанэмэт Рустам. КъызэхуэсакIэ тепсэлъыхьащ партт проектхэр зэрагъэзащIэмрэ хабзэубзыху Iуэхугъуэхэр зэрыпхагъэкIымрэ.

Партым къыдыхэтхэм защ1ыхуигъаазэм Марьяш Иринэ къыхихугъэщащ мыпхуэдэ зэIущIэхэр щыIэн зэрыхуейр: гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ зыщIихьэлIэ гугъуехьхэм, лъэпощхьэпохэм теухуауэ езы цIыхухэм жаIэм едэIуа иужькIэ парламентархэм Iэмал ягъуэт зыхуеину зэхъуэжкIыныгъэхэр екъеIуэкI хабзэхэм халъхьэну.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Махуэшхуэ зэхыхьэхэр

НыбжьыщIэхэм дэрэжэгъуэ ират

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ ди республикэм. А Iуэхушхуэм хуэгъэпса гуфIэгъуэ зэхыхьэ дэнэкIи къыщызэрагъэпэщащ, цIыкIуэм дэрэжэгъуэ ират, я гукъыдэжыр кьаIэту.

БАХЪСЭН районым хыхьэ ХьэтIохъуащкъуей жылэм дэт курыт школ №1-м и пщIантIэ хуитым мэкъуауэгъуэм и 1-м щызэхуашэсат щIыпIэм щыпсэу унагъуэшхуэхэм я бынхэр, зи узыншагъэм сэкъат иIэ щIыкIуэхэр. Абыхэм ехъэхъуну зэхуэсым къекIуэлат район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ, адміни-страцэм къехуэу лажьэ Жылагъуэ советым и пашэ Къаздэхъу Олег, ХьэтIохъущкIыуей куэдкIэ Жылагъуэ советым и Iэтащхьэ Къумыкъу МуIэед, а жылэм и нэхъыжьыфI КIурашин Алий, районым щылажьэ курыт школхэм, сабий гъэсапIэхэм я унафэщIхэр. Абыхэм псалъэ гуапэ куэдкIэ зыхуагъэзащ махуэшхуэр зей сабийхэм, узыншагъэ, ехьулIэныгъэ, гуфIэгъуэ куэд яIэну ехъэхъуэ.

Сыхьэт зыбжанэкIэ екIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэта сабийхэр зэпеуэ зэмылIэужьныгъуэхэм, джэгукIэ зэхуэмыдзэкъэм жыджэру зэхащ. ЦIыкIуэм ябгъэдэль творческэ зэфIэкIкIэр ягъэлъэгъуэнуи Iэмал яIащ: абыхэм папщIэ къызэрагъэпэща утыку иным сабийхэм уэрэдхэр щыджаIащ, усэхэм къыщеджащ, къафэхэр щагъаззэщIащ. Псоми я гукъыдэжьр нэхъри кьаIэтырт таурыхъым «къухэкIа» лIыхъужьхэу Чипрэ Дейлрэ. Абыхэм ялъэкI къагъэнакъым, махуэшхуэр сабийхэм гукъинэ ящыхъун папщIэ.

Джэгухэмрэ къафэхэмрэ зэфIэкIа нэужь, цIыкIуэр пэрагъэтIысхьащ ерыскъы IэфI куэд зытелъ Iэнэ бэрычэтхэм. ЗэIущIэм и кIэухыу сабийхэм иратащ Iэфыкlэ зэмылIэужьныгъуэхэр зэрыльэпIэидзэ хъуржьи цIыкIуэхэр. КъинэмыщIауэ, къызэгъэпэщакIуэхэм и пашэ Iэнатlэ щыпсэу унагъуэшхуэхэм я бынхэр, зи узыншагъэм сэкъат иIэ щIыкIуэхэр. Абыхэм ехъэхъуну зэхуэсым къекIуэлат район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ, адміни-страцэм къехуэу и щIыкIуэхэм щIэ къыщыгъэзэм. - Сабийхэм я мызакъуэу, адэ-анэхэмми сыныбохъуэхъу нобэрей махуэшхуэхэм. Адэ-анэ хъэкъыр вгъэззщIэфу, ф1ы бынхэм я гуфIэгъуэ куэд фIыгъуу, езыхэмми фызэхащIыкIыу куэдрэ Тхьэм фащхьэщигъат. Зыигъэпсэху, фыкъафэ, фыджэгу, ди щIэблэ дахэ!

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и къалащхьэ Тырныаузи Iэтауэ щагъэлъэпIащ сабийхэм я махуэшхуэр. «Тур» стадионым къыщызэрпагъэпэща «Сабийгъуэм и дунеи» гуфIэгъуэ зэхыхьэм къарагъэблагъат сабий куэд щапI унагъуэхэм ис цIыкIуэхэр, я адэ-анэхэри я гъусэу. КъызэхуэсасхэмкIэ зэпеуэ хьэлэмэтхэр, тыгъэ гуапэхэр зэрылъ къэльтмакъ цIыкIуэхэр, шхын Iэфlхэр. ЦIыкIуэхэм я махуэшхуэр ядиIыгъыну, абыхэм псалъэ дахэхэр яжриIэну уардэунэм къекIуэлIат районым и администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан.

- Фэ фщыщ дэтхэнэми хэкум и цIыху пэж къызэрыхэкIынум шэч къытесхьэркъым, - къыхигъэщащ унафэщIым, цIыкIуэхэм зэкIыхигъаззм. - Сабийхэм я мызакъуэу, адэ-анэхэмми сыныбохъуэхъу нобэрей махуэшхуэмкIэ. Адэ-анэ хъэкъыр вгъэззщIэфу, фи бынхэм я гуфIэгъуэ куэд фIыгъуу, езыхэмми фызэхащIыкIыу куэдрэ Тхьэм фащхьэщигъат. Зыигъэпсэху, фыкъафэ, фыджэгу, ди щIэблэ дахэ!

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и къалащхьэ Тырныаузи Iэтауэ щагъэлъэпIащ сабийхэм я махуэшхуэр. «Тур» стадионым къыщызэрпагъэпэща «Сабийгъуэм и дунеи» гуфIэгъуэ зэхыхьэм щекIуэкIащ уардэунэм и пщIантIэ хуитми. Абдежым сабийхэр щызэпеуащ асфальтым сурэт цIыкIуэхэр тещIыхьыныкIэ. А Iуэхум жыджэру хэтащ Сабий творчествэмкIэ унэм и лжьакIуэхэр. Абыхэм къапщытащ сабийхэм я Iэдакъэщ1экIхэр икIи дэтхэнэми тыгъэ цIыкIуэхэр хуащIащ. «Дыгъэ цIыкIу» цIэ дахэр зезыхьэ паркышхуэм цIыкIуэхэм папщIэ а махуэм пщIэншэу щыIэжьащ аттракционхэр.

Апхуэдэу гукъинэжу, нэгуэшыжьу ди республикэм и адрей щIыналъэхэми щагъэлъэпIащ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

МэкъумэшхэкIыу къалэжьым хохъуэ

2018 гъэм и щIышылэ - мэлыжьыхь мазэхэм республикэм мэкъумэш продукцэу сом меларди 6,5-рэ и уасэ, блэкIа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ проценти 102,6-рэ къыщалэжьащ.

Гъэшу къашар тонн мини 121,7-рэ (проценти 102,9-рэ), лыуэ къалэжьащ тонн мин 28,6-рэ (проценти 101,1-рэ), джэдыкIэу къыщIахар мелуан 54,9-рэ (проценти 104-рэ) мэхъу.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 5, *гъубж*

♦Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и дунейпсо махуэщ ♦Урысеймрэ Къэзахъстанымрэ щагъэлъэпIащ Экологым и махуэр

♦Дание пащтыхыгъуэм и конституцэм и махуэщ

♦1706 гъэм Москва къыщызэIуахащ дзэ сымаджэщ (иджы - Бурденко Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ госпиталь нэхъыщхьэрщ).

♦1945 гъэм Берлин Iэ щытрадзащ Германиер зэрыхагъэщIамкIэ икIи СССР-м, США-м, Инджылызым, Франджым я правительствэхэм Германием и власть нэхъыщхьэм и къалэнхэр зэрагъэзэщIэнымкIэ декларацэм. А къэралхэм я дзэзешэхэу Жуков Георгий, Эйзенхауэр Дуайт, Монтгомери Бернард, Патр де Тассиньи сымэщ абы зи Iэ щIэлъыр.

♦1967 гъэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэм щыщIидзащ хьэрып-израиль зауэм. Ар тхьдэм хыхьащ Махуих зауэ цIэр иIэу - Израилыр Мысырым, Иорданием, Сирием ятеуат.

♦1981 гъэм США-м узыфэхэм якIэлъыплъныныкIэ и центрым и щIэныгъэлIхэм узыфэщIэ - СПИД зыфIащар - кьахутащ.

♦Журналист, цIэрыIуэ, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Бекъан Чыланий** къызэральхурэ илъэс 92-рэ ирокIу.

♦Адыгей усакIуэ **Хъунэгу Нурет** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокIу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и мелиоратор **Мамхэгъ Алексей** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.

♦Польшэм щыщ актрисэ цIэрыIуэ, ди къэралым щытраха фильм куэдми щыджэгуа **Брыльскэ Барбарэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокIу.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, публицист **Бещтокъуэ Хьэбас** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу.

♦Радиожурналист **Къудей Лидэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей тхакIуэ, философ, МКъУ-м и профессор, телевиденэм «ЩIалэ, пащащэ Iущ цIыкIуэхэр» нэтын цIэрыIуэр щезыгъэкIуэкI **Вяземский Юрий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокIу.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор **Мамбэт Мурадин** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокIу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ФиIэпщэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокIу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, «Ялэ каналым» - сабийхэм папщIэ, апхуэдэуи нэгуэшыжь нэтынхэр зыгъэхьэзыр и Iэнатlэм и унафэщI **Пельш Валдис** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокIу.

♦Урысей фигуристкэ, Олимп джэгуэхэм я чемпионкэ **Липницкая Юлие** и ныбжьыр илъэс 20 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхьнущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 6, *бзаджэщ*

♦Урысыбзэм и махуэщ. Ар ООН-м Жылагъуэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ и департаментым и жэрдэмкIэ ягъэуващ 2010 гъэм, УФ-м щагъэлъэпIэ 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ. Лъэпкъ Зэхъуэтхэм я Зэгуэхьэныгъэм хэхъ къигъэсэбзэн бзихьм ящыщщ урысыбзэр, инджылызыбзэм, хьэрыпыбзэм, испаныбзэм, китаибзэм, франджыбзэм яхуэдэ дьдэу.

♦Пушкиным и махуэр Урысейм щагъэлъэпIэ. 1799 гъэм къалъхуащ урыс усакIуэ, тхакIуэ щэджащэ **Пушкин Александр**.

♦Къэзахъстаным и Финанс полицэм и махуэщ

♦Швецием и ныпым и махуэщ

♦Швейцарием Лъагэныгъэм и махуэр щагъэлъэпIэ

♦Боливием егъэлъапIэ Егъэджакlуэм и махуэр

♦1922 гъэм Цыхубэ комиссархэм я советым и унафэкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ литературэмрэ тхылъ къыддэзыгъэкI Iуэхущ1апIэхэмрэ я управленэ нэхъыщхьэр (Главлит). Хьэрэмыкъуэ 1990 гъэхэм щекIуэкIа зэхъуэныныгъэхэм я зэманым зэбграуTыпщыкIыжауэ щытащ.

♦1944 гъэм етIуанэ фронтыр кьызэIуахащ.

♦1945 гъэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и къару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр ягъэшащ.

♦1957 гъэм къэралым щыIэпэу Москва «Детский мир» тыкуэныр къыщызэIуахащ. Сабий хьэпшыпхэр щащэ апхуэдэ тыкуэнхэр кьыкIэлъыкIуэ илъэсхэм щылажьэ хъуащ СССР-м и адрей къалэшхуэхэми.

♦1992 гъэм Урысейм и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Москва къалэм и Iэтащхьэу Лужков Юрий зэриГъэувым теухуа унафэм.

♦Нэмыцэ тхакIуэ цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр 1929 гъэм зрата Манн Томас къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокIу.

♦«Спартак», «Гаянэ» балет цIэрыIуэхэр, нэгъуэщI куэди зытха ермэлы композитор, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Хачатурян Арам** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокIу.

♦Совет актрисэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, Сталиным и цIэр зэрихьэу яту щыта саугъэтыр 1951 гъэм зыхуагъэфэща **Пельтцер Татьянэ** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокIу.

♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI **Апажэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, ГъуэдзджэхэмкIэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологиемкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Кьалэ Хьэжбарэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.

♦ Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ФIым фIы къыпокIуэри, Iейм Iей покIуэж.

● Лъэпкъ Іуэху

Анэдэлъхубзэм хуабжьу дегъэпІейтей

Урысей Федерацэм и Президент
ПУТИН В. В.,
Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі
МЕДВЕДЕВ Д. А.,
УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі
МАТВИЕНКЭ В. И.,
УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщі
ВОЛОДИН В. В. *яхуэгъэзауэ*

Къэрал Думэм и депутат гупым 2018 гъэм и мэлыжьыхьым и 10-м къыхалъхьащ «Егъэджэныгъэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр. Абы къыщыгъэлъэгъуащ:

- УРЫСЕЙ Федерацэм хыхь республикэхэм я къэралыбзэхэр зэрегъэджыпхъэр хэгъэзыихь хэмылъуц, зыджэхэм я фІэфІыныгъэхэр и Іьабжьэщ; лъэпкъыбзэхэр зэраджыр зэран хуэхъун хуейкъым Урысей Федерацэм и къэралыбзэр джыным;

- УФ-м и цІыхухэм хуитныгъэ яІэщ УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ящыщ я анэдэлъубзэр яджину, егъэджэныгъэ Іэнатіэм иІэ Іэмалхэм къитІасу, анэдэлъхубзэр зыджэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ абы зэрыхуэныкъуэр къэлыятаз, егъэджэныгъэмкІэ хабзэм къыхэригъэувым тещІыхьауэ;

- УФ-м хыхь республикэхэм я къэралыбзэхэмрэ абы щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъубзэхэмрэ ящыщу яджыпхъэ бзэр къыхэхыным и Іьабжьэу щытын хуейр ар зыджыныхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ (хабзэкІэ я лІыкІуэхэмрэ) Іуэхум зэрыхуцытыкІрэ адэ-анэхэм (хабзэкІэ я лІыкІуэхэм) ятх лъэІу тхыпІьмрэщ.

Шэч лъэпкъ хэмылъу, къыхалъхьа законопроектыр Конституцэм къыщыгъэлъэгъуахэм япэщІоувэ. Абы къыхэкІыу къыдолъытэ нэхъ зэпкърыхауэ Іуэхум тепсэлъыхьыпхъэу.

1.

УФ-м и Конституцэм щыгъэбыдащ мыхьэнэшхэу зиІэ мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэр:

- Урысейм хыхь Республикэр езым и конституцэрэ хабзэрэ зиІэж къэралщ *(5-нэ ст.);*

- Республикэм и статусыр убзыхуа мэхъу УФ-мрэ республикэмрэ я конституцэхэмкІэ *(66-нэ ст.);*

- Республикэхэм ятиныгъэ яІэщ къэралыбзэу къалъытэну бзэхэр къыхахыну. Къэрал властым, щІыпІэ самоуправленэхэм я органхэм, республикэм и къэралІэнатІэхэм ахэр къыщагъэсэбэп УФ-м и къэралыбзэм къыдэкІуэу *(68-нэ ст.);*

- УФ-м унафэ зытрищІыкІырэ УФ-мрэ УФ-м хыхь субъектхэмрэ зэгъусэу унафэ зытращІыкІырэ хэмыту, УФ-м и субъектхэм къэралыбзэм и хуитныгъэ псори яІэщ *(73-нэ ст.);*

КъБР-м и Конституцэм щыгъэбыдащ мыпхуэдэ мардэхэр (76-нэ ст.):

- ЩІыналъэм щызекІуэ къэралыбзэхэщ адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр.

- Республикэм зэхуэдэ хуитныгъэ ярет къэралыбзэхэр хъунэ-ным, къэгъэсэбэпыным, абыхэм зегъэужьыным, егъэфІэкІуэным.

- КъБР-м и къэралыбзэхэр КъБР-м и къэрал властым, щІыпІэ самоуправленэхэм я органхэм, къэрал І энатІэхэм къыщагъэсэбэп, зэхуэдэ хуитныгъэ яІэу.

Зи гугъу тщІы конституцэ хабзэхэр щыхьэт тохъуэ Республикэм и Конституцэр Урысей Федерацэм и конституцэ-хуитныгъэ мардэхэм, ахэр зэрызэхэт Іыхьэхэм зэращыщым. Абы къокІ Республикэм и Конституцэм къыщыгъэлъэгъуэ мардэхэр къэрал орган псоми къуныкъуэщхэми, федеральнэхэри яхэту, фІэкІыпІэ имыІэу ягъэзэщІэн хуейуэ.

Тэтэрстан Республикэм и къэралыбзэр курыт школхэм зэрыщадж конституцэ-хуитныгъэ мардэхэр УФ-м и Конституцэ судым къыщипщытам щыгъуэ, игъэбеллджлащ а мардэхэр УФ-м и Конституцэм зыкІи зэрыпэщІэмыуэр *(2004 гъэм и щэкІуэгъуэм и 16-м къыдэкІа унафэ №16-І).*

Апхуэдэуц Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм 2009 гъэм и мэлыжьыхьым и 15-м къищта унафэми зэрыщыгъэбеллджылар Кэрэшей-Шэрджэс Республикэм анэдэлъхубзэхэр зэрыщадж хабзэр къыщипщыта дэфтэрым. Абы зэриті мкІэ, УФ-м и Конституцэм и 72-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ егъэджэныгъэм пищІа Іуэхугъуэхэр УФ-ми абы хыхьэ субъектхэми я унафэм зэхуэдэу зэрыщІэтыр. Ауэ щыхъукІи, республикэхэм щадж къэралыбзэхэми адрей бзэхэми епха Іуэхугъуэхэр Урысей Федерацэм и субъектхэм щызекІуэ хабзэхэм тетын хуейуэ ягъэуващ. УФ-м 2005 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м къыдигъэкІа «Урысей Федерацэм и къэралыбзэхэм теухуауэ» Федеральнэ хабзэм зэрыщыгъэзывамкІэ, УФ-м и къэралыбзэр Іэмал имыІэу къызэрыгъэсэбэпыпхъэм къикІыкІыхьэм Урысей Федерацэм хыхь республикэхэм щызекІуэ къэралыбзэхэр ямыдэну е абыхэм я хуитныгъэхэр гъэмэщІэн хуейуэ.

Апхуэдэу щыхъэхІэ, **Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыбзэхэм я хуитныгъэхэр къызэпызыуд сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэри хабзэншагъэщ.**

2.

УФ-м хыхьэ республикэхэм я къэралыбзэхэр зыджхэм я фІэфІныгъэр и Іьабжьэу егъэджэныным теухуа законопроектым щІэдзапІэ хуэхъуащ УФ-м и Президент Путин В. Лъэпкъхэм я зэхуэдэныгъэмкІэ советым и зэІуІэ 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Иошкар-Ола къалэм щыцигъэкІуэкІыным къыгъуэ жиІауэ щытахэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ Урысейм щыпсэу мыурыс лъапкъэр зэхуэдэ щІыным, ахэр лъэпкъышхуэм хэгъэзэпсихьыжыным хуэунэтІа политикэ щынагъуэ 2000 гъэхэм къыщыщІэдзауэ ди къэралым мурад пыухыкІам хуэкІуэу зэрыригъэкІуэкІыр. Нэхъыщхьэ дыдэу а Іуэхум хэлъыр бзэм епха политикэращ. Путиныр зи пашэ Урысейм а Іуэхум теухуауэ къыщтащ Урысей пащтыхьыгъуэм иІа еплъыкІэр. Апхуэдэу, Урысей империем цІыхьбэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ и министр Шварц Александр илъэси 100-м щІигъу и пэкІэ жиІэгъащ: «Адрей лъэпкъхэм зыгуэру зыкъыхагъэщхьэхуэкІыну е лъэпкъ школхэр къызэрагъэпэщыну яужь ихьэным пыщІа сыт хуэдэ Іуэхуэри яхуэмыдэн. Хэдэ имыІэу адрей лъэпкъ псоми я дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэу щытын хуейр зыуэ щыт урыс къэрал школым и мардэхэращ, егъэджэныгъэм и пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэсыху».

2006 гъэм щыщхьэуІуэм и 3-м УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къыщта унафэ №201-м тещІыхьауэ УФ-м щызекІуэ лъэпкъ-егъэджэныгъэ политикэм къыщыгъэлъэгъуащ: «Егъэджэныгъэр Іыхьэ-Іыхьэурэ зэхэту къызэращтам Іэмал къитащ абы и унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыналъэ, федеральнэ Іэнатіэхэм зыщагъэхьныжмкІэ. Абы къикІа Іуэхугъуэхэм ящыщу: егъэджэныгъэм и лъэпкъ-щІынальэ Іыхьэр автономиехэм езыхэм зэрыхуейуэ къызэрагъэсэбэпыр, егъэджэныгъэр урысыбзэмрэ, ауэ щэнхабзэмрэ зэрапыщІар нэхъ мащІэ зэрыхъэуар, щІэныгъэ щагъэгъэуэт Іэхуэщ Іапіэхэу лъэпкъщІынальэ Іыхьэр къызэгъэсэбэпу егъэджэныгъэр анэдэлъубзэрэ (мыурыс), урысыбзэкІэ (мыанэдэлъхубзэ) езыгъэкІуэкІхэр лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ Іуэхуэщ Іапіэ зэрыхъуар, ахэр федеративнэ зэхущытыкІэхэр конфедеративнэхэм хуэзыгъакІуэ Іэмэсымэу къызэрагъэсэбэпыр».

Егъэджэныгъэм и лъэпкъ-щІынальэ Іыхьэу процент 15-м нэмысыр, къызэрыщІэкІымкІэ, Урысейм и къэрал шынагъэуэншагъэр къэзыгъэтІасхъэ Іуэхугъуэу къалъытащ! Зи гугъу тщІы дэфтэрыр зыгъэзэхэзэрыхьэм я мурадыр зыщ - къыщІэхъуэ щІэблэр лъэпкъ зэхэщІыкІырэ я анэдэлъубзэмрэ пыгъэкІыныращ. Абы щыгъуэм хэкум къитэджэнур зыщІащ лъэпкъри, зи блэкІари, зи хабзэри зымыщІэж цІыхуэщ, апхуэдэхэр щІэх дыдэу пхудегъэхьэхынущ радикальнэ гупсысэхэм. Мис аращ къэплъытэнур Урысейм и къэрал шынагъэуэншагъэр къэзыгъэтІасхъэ Іуэхугъуэу!

2014 гъэм Къэрал Думэм къыщыхалъхьауэ щытащ «Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я бзэхэм ятеухуауэ» хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным тещІыхьа законопроект. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуащ, къэралым и курыт школ псоми урысыбзэр щаджын хуейт анэдэлъубзэм хуэдэу, еджакІуэхэр зыщІащ лъэпкъым емылъытауэ.

Апхуэдэ мардэ-хуитныгъэ Іуэхугъуэхэр къэралым иригъэкІуэкІ, зы лъэпкъыр адрейм ефІэкІыу къэпльытэным къыхуеезыджэ политикэм (шовинизмэм) и нэщэнэщ. Абыхэм я тегъэщІапІэр Урысейм и мыурыс лъэпкъхэм я ныгъэсэбэныпхъэм къикІыкІыхьэр Урысей Федерацэм хыхь республикэхэм щызекІуэ къэралыбзэхэр ямыдэну е абыхэм я хуитныгъэхэр гъэмэщІэн хуейуэ.

Апхуэдэу щыхъэхІэ, **Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыбзэхэм я хуитныгъэхэр къызэпызыуд сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэри хабзэншагъэщ.**

2.

УФ-м хыхьэ республикэхэм я къэралыбзэхэр зыджхэм я фІэфІныгъэр и Іьабжьэу егъэджэныным теухуа законопроектым щІэдзапІэ хуэхъуащ УФ-м и Президент Путин В. Лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэмкІэ советым и зэІуІэ 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Иошкар-Ола къалэм щыцигъэкІуэкІыным къыгъуэ жиІауэ щытахэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ Урысейм щыпсэу мыурыс лъапкъэр зэхуэдэ щІыным, ахэр лъэпкъышхуэм хэгъэзэпсихьыжыным хуэунэтІа политикэ щынагъуэ 2000 гъэхэм къыщыщІэдзауэ ди къэралым мурад пыухыкІам хуэкІуэу зэрыригъэкІуэкІыр. Нэхъыщхьэ дыдэу а Іуэхум хэлъыр бзэм епха политикэращ. Путиныр зи пашэ Урысейм а Іуэхум теухуауэ къыщтащ Урысей пащтыхьыгъуэм иІа еплъыкІэр. Апхуэдэу, Урысей империем цІыхьбэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ и министр Шварц Александр илъэси 100-м щІигъу и пэкІэ жиІэгъащ: «Адрей лъэпкъхэм зыгуэру зыкъыхагъэщхьэхуэкІыну е лъэпкъ школхэр къызэрагъэпэщыну яужь ихьэным пыщІа сыт хуэдэ Іуэхуэри яхуэмыдэн. Хэдэ имыІэу адрей лъэпкъ псоми я дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэу щытын хуейр зыуэ щыт урыс къэрал школым и мардэхэращ, егъэджэныгъэм и пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэсыху».

2006 гъэм щыщхьэуІуэм и 3-м УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къыщта унафэ №201-м тещІыхьауэ УФ-м щызекІуэ лъэпкъ-егъэджэныгъэ политикэм къыщыгъэлъэгъуащ: «Егъэджэныгъэр Іыхьэ-Іыхьэурэ зэхэту къызэращтам Іэмал къитащ абы и унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІыналъэ, федеральнэ Іэнатіэхэм зыщагъэхьныжмкІэ. Абы къикІа Іуэхугъуэхэм ящыщу: егъэджэныгъэм и лъэпкъ-щІынальэ Іыхьэр автономиехэм езыхэм зэрыхуейуэ къызэрагъэсэбэпыр, егъэджэныгъэр урысыбзэмрэ, ауэ щэнхабзэмрэ зэрапыщІар нэхъ мащІэ зэрыхъэуар, щІэныгъэ щагъэгъэуэт Іэхуэщ Іапіэхэу лъэпкъщІынальэ Іыхьэр къызэрагъэсэбэпу егъэджэныгъэр анэдэлъубзэрэ (мыурыс), урысыбзэкІэ (мыанэдэлъхубзэ) езыгъэкІуэкІхэр лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ Іуэхуэщ Іапіэ зэрыхъуар, ахэр федеративнэ зэхущытыкІэхэр конфедеративнэхэм хуэзыгъакІуэ Іэмэсымэу къызэрагъэсэбэпыр».

Егъэджэныгъэм и лъэпкъ-щІынальэ Іыхьэу процент 15-м нэмысыр, къызэрыщІэкІымкІэ, Урысейм и къэрал шынагъэуэншагъэр къэзыгъэтІасхъэ Іуэхугъуэу къалъытащ!

Зи гугъу тщІы дэфтэрыр зыгъэзэхэзэрыхьэм я мурадыр зыщ - къыщІэхъуэ щІэблэр лъэпкъ зэхэщІыкІырэ я анэдэлъубзэмрэ пыгъэкІыныращ. Абы щыгъуэм хэкум къитэджэнур зыщІащ къагъэсэбэпыну.

КъыкІэлъыкІуэ тхьэмахуэм цІыхуэхэр я Іэнатіэм щІэрыуІэжьынур бэрэжьейращ (мэкъуаугъуэм и 13-м). Арщхьэкіэ абыхэм ящыщ куэдыр зэрылэжьэнур махуитІ куэдейщ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, мэкъуаугъуэм и 15-р Нэщлікіыж хьидщ икІи а махуэр муслымэн рестораныкэзу Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Шэшэным, Ингушым, Тэтэрстаным, Башкортастаным, нэгъуэщІ щІыпІэхэми зыгъэпсэхуГъуэу щытынущ. Аращи, аргуэру махуищкІэ зэкІэлъхьэжьу (мэкъуаугъуэм и 15-м, 16-м, 17-м) дыдэсынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Іуащхьэмахуэ» курортым и мыхьэнэр къаІэт

● Зэдэлэжьэныгъэ

Сушаль Жан, Байсултанов Одес, ТІымыжь Хьэсэн.

«Лъэпкъ кІапсэ гъэзугъэр» урысей-франджы предприятэ зэгуэтым ди республикэм и «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексыр, гъэм и сыт хуэдэ зэманми лажьэр, кІапсэ гъэзугъэм ирахьэлІапхъэ пкъыгъуэхэмкІэ къыззригъэпэщынщ.

АБЫ теухуа зэгуры Іуэныгъэр накъыгъэм и 25-м щызэращІыпІащ Санкт-Петербург щызэхэт къэрал зэхуаку экономикэ форумым (ПМЭФ-2018) Франджы Республикэм ейуэ щыІэ и пІанэнэсм. Абдежым дэфтэрым Іэ щыщІадзащ «Лъэпкъ кІапсэ гъэзугъэр» ООО-м, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м, РОМА S.A.S. франджы компанием я лІыкІуэхэм.

Зэдэлэжьэныгъэм и яІэ Іыхьэм хьихьэу, «Лъэпкъ кІапсэ гъэзугъэр» ООО-м «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым и лыжэ хьэжэхыпІэхэм зарагъэубгъунущ, кІапсэ гъэзугъ зыбжани ищынущ: зыпІыжьхакІуэхэр джабэ нэкІуэхэм дзэзышейхэм хуэдэу 3-р, тІысыпІиплІ зиІэ щэнтхэр зэрыт «унэ цІыкІухэр» зыкІэрыщІар, цІыхуипщІ зэрыхуэ кабинэ хэхъ инхэр (гондолэхэр) къезышэкІынур, лъэныкъуитІымкІи щызэблэжу лхъэнур. ЩыІэхэм кьадэкІуэу, мы щІыпІэм щыпхашынущ зи зэхэлъыкІэкІэ зэмыщхь бгы лыжэ лъагъэущІэу 10. Абыхэм псори зэхэту километр 11,4-рэ я кІыхьагъынущ. КІапсэ гъэзугъэм, апхуэдэуи бгы лыжэ лъагъэущэхэм абыхэм япыщІа Іэнатіэхэмрэ зыхуэдэным тещІыхьа проектым, зэрыхуагъэфащэмкІэ, сом мелуани 190-рэ, кІапсэ гъэзугъэр зэрызэхагъэувэну пкъыгъуэхэм сом мелардэ 2,1-рэ текІуэдэнущ.

«Іуащхьэмахуэ и щыгу дыкъуакъуэр, зи теплъэкІэ уардэр, ди къэралыр зыгъэбыдыфІэ нагъыщхэм ящыщ зыщ, Арагъэнущ, «Лъэпкъ кІапсэ гъэзугъэр» урысей-франджы предприятэ зэгуэтым къыщІигъэкІыну япэ пхьэгъуэхэр, бгылыжэ къэжьхьыкІэм хуэгъэпсахэр, мы курортым къызэрыщыхутэнум мыхьэнэ ин дыдэ щІиІэнур. Сыту жьпІэмэ, абыхэм мы щІыпІэм нэхъри зрагъэужьынущ, езы зыгъэпсэхупІэм и мыхьэнэри къаІэтынущ, - къыхигъэщащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхугъэмкіэ и министрым и япэ къуэдзэ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщІэхэм я советым и Іэтащхьэ Байсултанов Одес. - Зыхуэдгъэувыжа къаІэн псоми тедгъэкІуэдэну ахъшэм щыщу процентри 5-р - 2018 - 2019 гъэхэм, процент 15-р - 2021 илъэсым ирихьэлІэу къэдгъэсэбэпыну ди мурадщ. КъыкІэлъыкІуэ гъэхэм нэхъыбэж хьунущ кІапсэ гъэзугъэм пкъралъхьэ пкъыгъуэхэм ящыщу мы щІыпІэм карашалІэхэр.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и генеральнэ директор ТІымыжь Хьэсэн зэрыжиІэмкІэ, «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым и бгы-лыжэ инфраструктурэм зегъэужьынным хуэгъэзауэ, РОМА S.A.S. франджы компанием ахэр зэрыдэлажьэрэ ильэс зыбжанэ хъуащ.

«Мы Іуэхущ Іапіэм и къарукІэ, и технологие, производствэ зэфІэкІкІэр зэрыныным и фІыгъэкІэ, зи гугъу тщІы зэманым къриубыдэу, цІыхуипщІ зэрыхуэ кабинэхэр (гондолэхэр) зыкІэрыщІа кІапсэ гъэзугъэ дажьпІэмэ, абыхэм мы щІыпІэм нэхъри зрагъэужьынущ, езы зыгъэпсэхупІэм и мыхьэнэри къаІэтынущ, - къыхигъэщащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхугъэмкіэ и министрым и япэ къуэдзэ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщІэхэм я советым и Іэтащхьэ Байсултанов Одес. - Зыхуэдгъэувыжа къаІэн псоми тедгъэкІуэдэну ахъшэм щыщу процентри 5-р - 2018 - 2019 гъэхэм, процент 15-р - 2021 илъэсым ирихьэлІэу къэдгъэсэбэпыну ди мурадщ. КъыкІэлъыкІуэ гъэхэм нэхъыбэж хьунущ кІапсэ гъэзугъэм пкъралъхьэ пкъыгъуэхэм ящыщу мы щІыпІэм карашалІэхэр.

«Мы Іуэхущ Іапіэм и къарукІэ, и технологие, производствэ зэфІэкІкІэр зэрыныным и фІыгъэкІэ, зи гугъу тщІы зэманым къриубыдэу, цІыхуипщІ зэрыхуэ кабинэхэр (гондолэхэр) зыкІэрыщІа кІапсэ гъэзугъэ дажьпІэмэ, абыхэм мы щІыпІэм нэхъри зрагъэужьынущ, Европэ псом щынэхъ лъагэу къалъытэ, метр 3847-кІэ тенджызым щхьэщыІэтыкІа (Балтие хьэм и псыУм тещІыхьауэ) щІыпІэм нэс. Абы къыхэкІыуи дапэкІи къыддэлэжьэну гукъыдэж зращІамкІи фІыщІэ ин яхудощ! зи гугъу тщІы франджы компанием и Іэщ Іагъэлі Іэхэм», - къыхигъэщащ ТІымыжьым.

«Сэ сропагэ икІи хуабжьу срогушхуэ тхыдэм щыяпэ урысей-франджы предприятэ зэгуэтым и Іуэхущ Іафэхэм хьихьэу Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэр Санкт-Петербург щызэхэт къэрал зэхуаку экономикэ форумым зэрыщызэращІыІам. А дэфтэрым Франджы Республикэр къызэрыщыгъэльэгъуар УФ-м и далъэхьэгъуущ. «Лъэпкъ кІапсэ гъэзугъэр» ООО-м ипщэ дилъхьэжа и къалэнхэм хиубыдэу, лъэныкъуитІым зэхудиІэ хъуа зэхущытыкІэхэм къагъэлъагъуэ Урысейм и Франджымрэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм дяпэкІи зэрыщызэрадэлажьэфынур, экономикэм, производствэм пыщІа унэтІныныгъэхэри абыхэм яхэту», - жиІащ РОМА S.A.S. компанием и унафэщІхэм и советым и президент Сушаль Жан.

КъУМАХУЭ Аслъэн.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ



Ди лъэпкъэгъу студентхэм адыгэбзэ ирагъэдж

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ КъБКъУ-м и унафэщІ Альтуд Юрийрэ я зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, университетым щеджэ адыгэ хэхэс щІалэгъуалэм анэдэлъхубзэр яджыну хуитныныгъэ яІэ хуэущ. Адыгэбзэр зыджыну гупыж зыщІ студентхэм ядолажьэ бзэ щІэныгъэхэм я кандидат, Хамэ къэрал къикІа студентхэм ядэлажьэ институтым и егъэджакІуэ Тэнащ Тамарэ.

- ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУ ныбжьыщІэхэм тхьэмахуэм 3 садолажьэ, псори зэхэту сыхьэт 14 - 16-кІэ йокІуэкІ ди дерсхэр. Пэжщ, анэдэлъхубзэр зэгъэщІэнныжмкІэ мазитІыр мащІэ дыдэу языныкъуэхэм къащыхъунущ. Ауэ Іуэху гуэрым уи гур хуэзІухэрэ, уи къарур зэрыщыту абы хуэбгнэтІмэ, пхуэзэфІэныжмкІэ щыІэжьым. Адыгэбзэр, лъэпкъ хабзэр, щэныр я лъым хэтщ абыхэми, гугъу садехьу схужьІэнукъым. ЯфІэфІу, яфІэгъэщІэгъэну къокІуэлІэ ныбжьыщІэхэр. КъищынэмыщІауэ, пщащэхэр изогъаса адыгэ шхынныгъуэхэр ягъэхъэзырыфу. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым абыхэм ябгъэдэлъхьэ щІэныгъэр яфІэмащІэу, яфІэгъэщІэгъэную къыщодаІуэм деж, - жеІэ Тэнащым.

Тамарэ къызэрыхигъэщамкІэ, мы Іуэхугъуэм зэрыт хухахауэ араща, ауэ дерсхэм къекІуэлІэ щІалэгъуалэм ар яфІэмащІэщи, фокІадэ мазэм пащэну ягу илъ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Узыншагъэ

Гулъытэ нэхъыбэ хуэщІын

КъБР-м узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министр Хьэбий Марат и унафэм щІэту я министерствэм щекІуэкІащ Сабий къалъхуагъэщІэу дунейм ехыжхэм я бжыгъэр зэрыщІэныжмкІэ штабым и зэІуІэ.

ЯПЭ мазищым я лэжьыгъэр зэрекІуэкІам теухуауэ къэпсэльащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэм лъхуГэр, сабийхэм медицинэ дэІепыкъуныгъэ къахуэзгъэпэщыныжмкІэ и къудамэм и унафэщІ Щоджэн Юлие, акушер-гинеколог Тембот Лолитэ, неонатолог нэхъыщхьэ Шыхьэ Терезэ, педиатр нэхъыщхьэ Мамбэт Анетэ сымэ.

Штабым и зэІуІэм кІуам иКІуам икІи иткІэ, унафэ къащтащ Іэщ Іагъэлэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным, лъхуапІэ, неонатальнэ къудамэхэм къабзагъэм зэрыщыкІэпльыпльым, педиатрие Іэнатіэм и амбулаторэ къудамэм и лэжьыгъэм теухуауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхуэхэр щІагъэхуэбжьэну.

Мы илъэсым Перинатальнэ центрым къыщагъэсэбэпу щІадзэнущ инвазивнэ перинатальнэ диагностикэр. Апхуэдэу а Іуэхущ Іапіэм Бахьсэн, Прохладнэ, Аруан, Май районхэм щыІэ сымаджэщхэм и лъхуапІэ къудамэхэми бадзэуэгъуэ мазэм щызэтраублэнущ къуажэ пхыдзахэм щыщу медицинэ кІэльыпльыныгъэм зэпымыуу хэныкъуэ цІыхубз уэндэгъуэм щыкІэлъыплъу.

Хьубий Марат къыхигъэщащ районхэм щыщу лъкъуГэр къызэпыудыныкІэ шынагъуэ зиІэ бзылъхугъэхэм гупльэтэ нэхъ хуащІыну, уэндэгъу цІыхубзхэм щакІэлъыплъ Іуэхущ Іапіэхэм быдэу ядэлэжьэну. Апхуэдэу министрым жиІащ унафэ къащтахэр зэрагъэзащІэм ткІийуэ зэрыкІэльыпльынур.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Зыгъэпсэхугъуэ кІыхьхэр къытпоплъэ

● ФщІэн папщІэ

Дызэрыхьа тхьэмахуэм Урысей Федерацэм и цІыхухэр махуихкІэ зэкІэлъхьэжьу лэжьэнущ, ауэ абы иужькІэ нэхъ кІыхьу загъэпсэхужынущ.

УРЫСЕЙМ и махуэр, мэкъуаугъэуэм и 12-р, мы гъэм гъубжу тохуэ. Абы къыхэкІыу къэралым Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм пасэу унафэ къыщтащ махуэшхуэм и пэ къыхуэ щэбэтыр (мэкъуаугъуэм и 9-м) и зыгъэпсэхугъуэр къыкІэлъыкІуэ блищхьэм (мэкъуаугъуэм и 11-м) ягъэІэпхъуэну. Апхуэдэ щыкІэкІэ Урысей Федерацэм щыпсэухэм Іэмал ягъэтынущ махуищкІэ зэкІэлъхьэжьу (мэкъуаугъуэм и 10-м, 11-м, 12-м) зэрыхуейм хуэдэу я зэманыр зэрыщІэпщІэмыуэр *(2004 гъэм и щэкІуэгъуэм и 16-м къыдэкІа унафэ №16-І).*

Апхуэдэуц Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм 2009 гъэм и мэлыжьыхьым и 15-м къищта унафэми зэрыщыгъэбеллджылар Кэрэшей-Шэрджэс Республикэм анэдэлъхубзэхэр зэрыщадж хабзэр къыщипщыта дэфтэрым. Абы зэриті мкІэ, УФ-м и Конституцэм и 72-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ егъэджэныгъэм пищІа Іуэхугъуэхэр УФ-ми абы хыхьэ субъектхэми я унафэм зэхуэдэу зэрыщІэтыр. Ауэ щыхъукІи, республикэхэм щадж къэралыбзэхэми адрей бзэхэми епха Іуэхугъуэхэр Урысей Федерацэм и субъектхэм щызекІуэ хабзэхэм тетын хуейуэ ягъэуващ. УФ-м 2005 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м къыдигъэкІа «Урысей Федерацэм и къэралыбзэхэм теухуауэ» Федеральнэ хабзэм зэрыщыгъэзывамкІэ, УФ-м и къэралыбзэр Іэмал имыІэу къызэрыгъэсэбэпыпхъэм къикІыкІыхьэм Урысей Федерацэм хыхь республикэхэм щызекІуэ къэралыбзэхэр ямыдэну е абыхэм я хуитныгъэхэр гъэмэщІэн хуейуэ.

Апхуэдэу щыхъэхІэ, **Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыбзэхэм я хуитныгъэхэр къызэпызыуд сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэри хабзэншагъэщ.**

2.

УФ-м хыхьэ республикэхэм я къэралыбзэхэр зыджхэм я фІэфІныгъэр и Іьабжьэу егъэджэныным теухуа законопроектым щІэдзапІэ хуэхъуащ УФ-м и Президент Путин В. Лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэмкІэ советым и зэІуІэ 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Иошкар-Ола къалэм щыцигъэкІуэкІыным къыгъуэ жиІауэ щытахэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ Урысейм щыпсэу мыурыс лъапкъэр зэхуэдэ щІыным, ахэр лъэпкъышхуэм хэгъэзэпсихьыжыным хуэунэтІа политикэ щынагъуэ 2000 гъэхэм къыщыщІэдзауэ ди къэралым мурад пыухыкІам хуэкІуэу зэрыригъэкІуэкІыр. Нэхъыщхьэ дыдэу а Іуэхум хэлъыр бзэм епха политикэращ. Путиныр зи пашэ Урысейм а Іуэхум теухуауэ къыщтащ Урысей пащтыхьыгъуэм иІа еплъыкІэр. Апхуэдэу, Урысей империем цІыхьбэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ и министр Шварц Александр илъэси 100-м щІигъу и пэкІэ жиІэгъащ: «Адрей лъэпкъхэм зыгуэру зыкъыхагъэщхьэхуэкІыну е лъэпкъ школхэр къызэрагъэпэщыну яужь ихьэным пыщІа сыт хуэдэ Іуэхуэри яхуэмыдэн. Хэдэ имыІэу адрей лъэпкъ псоми я дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэу щытын хуейр зыуэ щыт урыс къэрал школым и мардэхэращ, егъэджэныгъэм и пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэсыху».

2006 гъэм щыщхьэуІуэм и 3-м УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къыщта унафэ №201-м тещІыхьауэ УФ-м щызекІуэ лъэпкъ-егъэджэныгъэ политикэм къыщыгъэлъэгъуащ: «Егъэджэныгъэр Іыхьэ-Іыхьэурэ зэхэту къызэращтам Іэмал къитащ абы и унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІыналъэ, федеральнэ Іэнатіэхэм зыщагъэхьныжмкІэ. Абы къикІа Іуэхугъуэхэм ящыщу: егъэджэныгъэм и лъэпкъ-щІынальэ Іыхьэр автономиехэм езыхэм зэрыхуейуэ къызэрагъэсэбэпыр, егъэджэныгъэр урысыбзэмрэ, ауэ щэнхабзэмрэ зэрапыщІар нэхъ мащІэ зэрыхъэуар, щІэныгъэ щагъэгъэуэт Іэхуэщ Іапіэхэу лъэпкъщІынальэ Іыхьэр къызэрагъэсэбэпу егъэджэныгъэр анэдэлъубзэрэ (мыурыс), урысыбзэкІэ (мыанэдэлъхубзэ) езыгъэкІуэкІхэр лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ Іуэхуэщ Іапіэ зэрыхъуар, ахэр федеративнэ зэхущытыкІэхэр конфедеративнэхэм хуэзыгъакІуэ Іэмэсымэу къызэрагъэсэбэпыр».

Егъэджэныгъэм и лъэпкъ-щІынальэ Іыхьэу процент 15-м нэмысыр, къызэрыщІэкІымкІэ, Урысейм и къэрал шынагъэуэншагъэр къэзыгъэтІасхъэ Іуэхугъуэу къалъытащ! Зи гугъу тщІы дэфтэрыр зыгъэзэхэзэрыхьэм я мурадыр зыщ - къыщІэхъуэ щІэблэр лъэпкъ зэхэщІыкІырэ я анэдэлъубзэмрэ пыгъэкІыныращ. Абы щыгъуэм хэкум къитэджэнур зыщІащ къагъэсэбэпыну.

КъыкІэлъыкІуэ тхьэмахуэм цІыхуэхэр я Іэнатіэм щІэрыуІэж

Лъэпкъ литературэм лъапэ махуэкIэ къыхыхьа усакIуэ Бещтокъуэ Хьэбас и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу

«УЭ УАДЫГЭЩ ДЭНЭ УЩЫМЫIЭМИ...»

ХХ ЛIЭЩIЫГЪУЭМ и 50-70 гъэхэм адыгэ литературэм къыхыхьа усакIуэ, тхакIуэ гупышхуэм - Тхьэгъэзит Зубер, Гъбжокъуэ Лиуан, Бещтокъуэ Хьэбас, IутIыж Борис, Биду Анатолэ, Гъэунэ Борис, Сонэ Абдулчэрим, Ацкъан Руслан, Мыкъуэжь Анатолэ сымаI, нэгъуэщIхэми - хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ лъэпкъ щэнхабзэмри, гъуазджэми, литературэми.

Псыпэ лъэужьыфIэу къыщIэкIат Бещтокъуэ Хьэбас лъэпкъ литературэм лъапэ махуэкIэ къызэрыхыхьа «Ракетодромхэр» (1969) ялъ усэ тхылIэр, зэрыжаIэу, «щэм и щIагъ хъуар». Абы кърикIуащ кIуэ зэпэм нэхъ куу хуэ усыгъэ псышхуэр: зыр адрейм кIэлъыкIуэу дунейм къытехьащ «Роззэм и чэзыщ» (1973), «Адажь щIыналъэ» (1978), «Нарт макъамэхэр» (1981), «Напэ» (1985), «ФIыпльэныгъэ тхылъ» (1988), «Псым щхьэщыт жыг закъуэ» (1991), «Лирикэ» (1993), «Тенджыз Iуфэ гъуэгуанэ» (1998), «Дуней теIыдджэ» (2003), «Бжьыхьэ дыщафэ» (2006), «Дыщэхурэ фIамыщIрэ» (2012) тхылIхэр. 1977 гъэм Плисецкий Герман урысыбзэкIэ зэридзэкIауэ Москва къыщыдэкIауэ щытащ «Красный всадник» усэ тхылъ цIыкIур. 2011 гъэм Хьэбас и усэхэр Кьулэ Лидэ адыгеибзэкIэ зэридзэкIауэ Мейкъуапэ къыщыдэкIащ «Чъыг закъуэ» сборникыр. Апхуэдэуи, 2009 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм дунейм къыщыкъыхьащ Бещтокъуэм и литературэ-критикэ статьяхэр щэхуэхъэса «Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ» тхылъыр.

ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм нэблэгъауэ лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хуолажьэ усакIуэ Бещтокъуэ Хьэбас. Зы лIы ныбжь къэзыгъэщIа творчествэр куущ, гъунапкъэнщэщ. Бещтокъуэр и зэфIэкI щеплъыжащ литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм: лирикэм, лиро-эпикэм (усэу тха «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр), прозэм («УIэзэмэ - куэдрэ!» рассказыр), драматургием («Имыс», «Нэсрэн ЖьакIэ», «КъуафэжьейкIэ хым зэпрысыкIэр», «Истамбыл къиКIа джэду», «Сэороботр»); апхуэдэуи абы и гущIэ хилъхьащ литературэ критикэмрэ публицистикэмрэ. КъищынэмыщIауэ, усакIуэм зрипщытащ нэгъуэщIбзэкIэ ятха тхыгъэхэр зэдзэкIыным, ар къехъулIауи къэпльитэ хъунущ: цIыкIуэм папщIэ абы зэридзэкIащ лъэпкъ щхьэхуэхэм (иджылызэм, шотландзэм, португалхэм, хорватхэм) я таурыхъэр («Джек насиплъыхьуэ зэрыкIуар», «Дреглин Хогни иныжьыр», «ЖьындУр ишхащ», «ШейтIаныирэ зауэлIымрэ», нэгъуэщIхэри), У. Шекспир и «Лир пащтыхьыр» («Король Лир») тхыгъэ цIэрыIуэр.

ИщхьэкIэ къыщыдгъэльэгъуа «Красный всадник» тхылъ цIыкIм нэмыщI, Бещтокъуэм и усэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ дунейм къытехьакъым, дяпэкIэ апхуэдэ тхылъ къыдэкIыныр фIэщщыгъуейщ. Ар щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхокI: япэрауэ, дэ дызэрыщыгъуаззэмкIэ, езы усакIуэр арэзы техъуэркъым и усэхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыным; етIуанэрауэ, Бещтокъуэм и усэбзэр, и усэхэм ящIэлъ философие куур, нэхъыщхьэраци, сатыр къэскIэ хэшыпсыхьауэ хэлъ лъэпкъ зэхэщIыкIр, адыгэ гупсысэкIэр урысыбзэм кIизыгъэзэгъэфын зэдзэкIакIуэ къэгъуэтыгъуейщ. Хьэбас и хьэтIыжрэ и зэчиф зыхъэзтенэу, и усэхэм къыхэнэу ар нэгъуэщIыбзэм къигъэтIэсэн Iэхъуми зупщытыныр дзыхьыщIыгъуэджщ. Зэгуэр Гъубжокъуэ Лиуан и гугъу ищIу, Бещтокъуэм урысыбзэкIэ жиIэгъат: «Лиуан Губжоков - самый глубокий и тонкий лирик своего поколения. Но в переводах его не читай - в них его нет...» А псалъэхэр езы Хьэбаси епхьэлIэ хъунущ: зэрадзэкIауэ щыIэ и усэ мащIэхэми усакIуэм и хъэтIымрэ и усыгъэм и макъымрэ къащыхэпщыхукIыжыр зэзэмызэщ, сыту жыпIэмэ, шы емылIыджым хуэдэу, абы и усэхэр «Iэлхэр», я купщIэкIи я фащащкIи мыIумпIафIэхэр зэбдзэкIыныр Iэхъу тыншкъым. А псом къыхэкIкIэ, езы Бещтокъуэм и еплъыкIэм арэзы дытехьэуэ, абы и усэхэр, я адыгэпсэр хъумауэ, адыгэбзэкIэ «псэумэ» дэри нэхъ тфIэкъабылщ. Псалъэм папщIэ, зэдзэкIыгъуафIэкъым, зэдзэкIын хуейуи къыщIэкIынукъым къэзыгъэщIа лъэпкъым и нэпкъыжь зытелъ мыпхуэдэ сатырхэр: *«Лъэмыжьр хэуэу ещIыр ислъэмэй, Пшынауэщ пшэхэр...»; «Адыгэ губгъэ пшэру НатIэпэкIэ бжьэпэм пэщIэт. Зэхэтщ уи гуэдз хьэсэр уэршэру, Нартыхур шуудэзу зэжэтщ»; «ЕтIысэхыт. Уи цей щхъуантIэр цыхи, Щым и щыкъэ пщIанэм къеубгъэжкI. УищIа пыIэ жужьыр фIэлъэ жыгым, (Уэззшамэ, ари къохьэлъэкI)», нэгъуэщIхэри.*

Сыт хуэдэ Iэхъугъуэм хуэусэми, Хьэбас и Iэдакъэщ Iэкlэхэр лъэпкъ гупсысэкIэ псыхьащ, абыхэм сыт щыгъуи адыгэм и дунейр зыгъэнаIуэ образхэр (бгы, шы, мывэ, фащэ, цей, къэшыр...) гъуджэм хуэдэу къатощ. ЗэбдзэкIынкIэ Iэмал зимыIэщ мы сатырхэри:

Цей фIыщIэшхуэм губгъуэр ихуэпащ.
Дунейм и гум махуэр ихупащ.
Жьыжьэ соплъэр: нэхуэхр, жэщ къэхъейр
Дыщэ хьэзырыбгъэщ, бгырыс цейщ.

Си губгъуэшхуэ, хьэзырынщэ цей
Си адэшхуэм щитIэгъакъым зэи.
Ирахыну хуежьэм уи хьэзыр,
Сигу къэчэнур - уи фокIэщI хьэзыщI!

Бещтокъуэм и усыгъэр къуэпсыбзэщ, плъыфэбзщ. Гупсысэ щIэпым екIуэку гъэпса абы и усэхэр нэхъыбэу зыхуэгъэзэр анэрщ, хэкурщ, цIыхум и гурыщIэхэрщ. Псом хуэмыдэу, хэкум теухуа усэхэр Хьэбас и IэдакъэщIэкI нэхъыбIхэм ящыщщ, ахэр адыгэ усыгъэм сыт щыгъуи къыдэгъуэгурыкIуэ граждан лирикэм и зыужьыпIэщ.

Бещтокъуэм и усыгъэм щынэхъыбэщ адыгэм и тхыдэр «узу» зыпкърыт, лъэпкъым и къэкIуэнум хуэгъэпса усэхэр. Сыт хуэдэ зэман халъхуами, сыт хуэдэ щыпIэ щыпсэуами, сыт хуэдэ щылкъу ирихьэкIми, дэтхэнэ цIыхум и деижкIи нэхъыщхьэр къызыэкIар ищIэжьныкъуэ, игъэпэжьныкъуэ, и лъэпкъ хабзэр игъэнэхъапэрэ и бзэ Iурыльтыжу псэуныкъуэ. Аращ усакIуэми щIыжиIэр:

Уэ уадыгэщ дэнэ ущымыIэми,
Дунейр уи мылъкуми, зы апэсы уимыIэми,
Уэ уадыгэщи - уи лъахэмкIэ еплъэкI,
ЕплъэкIи хуэщIэ, къыумыгъанэу плъэкI.

Арщхьэкlэ, нобэкIэ гъунэжщ «адыгэу ущытыныр гугъу» (Бемырзэ Мухьэдин и усэ статырщ) къэзыщI щхьэусыгъуэхэр. Дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, Бещтокъуэр егъэлIейтей дунейр зэрынэмыщIысам, IутIыж Борис и жьIаэу, «фитIнагъэ фибльм кIуэцIысхэр», езы Хьэбаси и жьIаэу «фрыгуэижэ синдром» зыпкърытхэр гъащIэм зэрыщытепщэм.

Бещтокъуэм и усэхэр пэжым и телъхьэщ, къабзагъэм, дахагъэм, гуапагъэм хуэунэтIащ, философие гупсысэ зэмыкфэгъуэхэмкIэ уэздащ. *«Пхуэмыгъэдахэмэ гуапэмкIэ, ГъащIэр - яута чэтщ»* жызыIэфа усакIуэм, дауикI, а гъащIэри, зыхэпсэукI зэманри, и псэр къэупс лъэщкIэ зыпIещIа ди тхэдэ гукъутэри кууу зыхещIэ, къызыэкIа лъэпкъым и фIым щогуфыкI, и Iейри *«гущIэу къэщIеуэзым хуэфэщэн ёуэ»*:

Мухьэжьырхэм я гъэгуанэ,
Мухьэжьырхэм я тенджыз,
ЩIэблэ куэдым ди гукъанэ,
Ди губампIэ, ди гууз.

Мухьэжьырхэм гу кIыргъ макъыр
Хамэ гъуэгуфэм ныщагъэIу...
Пшахъуэр магъыр, уэгур магъыр,
Къуршхэр жэщкIэрэ мэщэIу.

Бещтокъуэм и усыгъэр уэгум етащ, абы и *«псэр уэгу хуитым йопсэхуэж»*. Араш усакIуэм дыкъыщIыуриджэр цIыхум иджыри иуцIэпIыну зыхунэмыса уэгу къабзэмкIэ нэхъыбэрэ дыплъэжну, нэхъыбэрэ Iэхыгъэм дегупсысну, апхуэдэ щыкIэкIи ди псэр фIеиргъэм щытхъэмэну.

Ищхьэкlэ къызэрыхэдгъэщащи, Бещтокъуэм и творчествэм къэзэщIеубыдэ дыкъэзыухъуреихь дунейри, лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэри, гъащIэм и философиери. Ауэ абы и фIыпIэу къэлъытапхъэщ лъагъуныгъэ лирикэр. Ар езыр налъэ куэду зэтещIыкIыжми, усакIуэм и гухэлъ усэхэм нэхъыщхьэу щыпхрышар гурыщIэ нэху зыхэлъ псэм нэхъ кхабзэрэ зи лъынтхуэхэм гухэлъ «щызежэ» пкъым нэхъ дахэрэ зэрыщымыIэрщ. Араш усакIуэм и псэр псынэм хуэдэу лъащIэнщэ зыщIри.

Бещтокъуэ Хьэбас и лъагъуныгъэ лирикэм цIыхуэхэр нэхъыбэу зэрыщыгъуазэм абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэмкIэщ: «Си дахэкIей» (макъамэр ДыщэкI Залымхэан ейщ), «Сыт пхуэсщIэнур, сигу?..» (макъамэр ХьэIупэ Джэбрэил ейщ), «Си гухэлъхэм я нур» (макъамэр Жырыкъ Заур ейщ), «Си лъагъуэ» (макъамэр ХьэIупэ Джэбрэил ейщ), нэгъуэщIхэри. Мы уэрэдхэр и щыхьэт наIуэщ Бещтокъуэм и усыгъэр зэрыкуум къыдэкIуэуи, ар бзэ шэрыуэкIэ зэрытхам, абы хэт макъ зэщIэжьыуэхэм макъамэм пэджэж ритмикэ шэщIа къызэрагъэщIым. Псалъэм папщIэ, усакIуэм «ЛъэгъуныгъэР» - «хашхуэ къэуокъубеям», гухэлъ къызыщыпкI и «гур» - «кхъуафэжьейм» щIигъапщкIэ, абы кьигъащI образ телъыджэхэр ди литературэм щыщIэщыгъуэщ, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэуи гъэщIэгъуэнщ. Куэдым гукъинэж ящыхъуауэ, и псалъэхэри цIыхубэм къыхэкIа яфIощу жаIэ Бещтокъуэм и усэ зыщIэлъ «Си дахэкIей» уэрэдыр:

Хьшхуэ лъагъуныгъэр
Къэукъубеиуэ
Си гур кхъуафэжьейуэ кърехуэкI.
Дуней сызыпетыр,
Схуэмыгъэбзияуэ,
Уэ сызэрыпщыщIэр къызеIуэкI.

Бещтокъуэ Хьэбас и усыгъэр гумрэ псэмрэ нэхъ хэгъэзауэ, цIыхум и псэкупсэ дунеймрэ уэгумрэ я зэхуаку дэтми, усакIуэм гулъытэ хэха хуещI щыIэлъ и дахагъэм, адэжь щIыналъэм и теплъэ гуакIуэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, абы Iупщу кьыхоцыхьэхукI пейзаж лирикэри. УсакIуэр зыхуэузэ псоми псэ зыIутым хуэдэу захуегъазэ, абы и усэхэм кьыхэщ щIыуэпсэр щIыхум ещхьу мэпсэу, магъ, мэуз, мэхущхьэ, мэгуфIэ, мэхъуапсэ: *«Жэщыр йошри дощыжьк къурш жеям...»; «Мазыр и щIыхь щIэтIахъэрт, хуэм щIыкIуу»; «Бзийр мэуз»; «Уафэр псафэ ежьэжащ»; «Уэсыр щабзу мэбауэ»; «ГуфIэжу мывэхэм заГъэпскI»...*

Бещтокъуэм и усыгъэм, къызэщIэкъуауэ къапщтэмэ, къыхэгъэщыпхъэщ ар «интеллектуальнэ усыгъэкIэ» зэджэм нэхъ пэблагъэу зэрыщытыр. Хьэбас фIыуэ къыгуроIуэ «уафэм къехуэха» зэчийм и закъуэкIэ усакIуэ нэс узэрымыкъунур. Абы къыхэкIкIэ, и щIэныгъэми, гъащIэм къыхих дерсми, и зэхэщIыкI-гупсысэми хигъахъуэ зэпытщ: динри, тхыдэри, гуазджэри, литературэри, кримтикэри, пщIыпхъэри щIепщытыкI. Бещтокъуэм и усыгъэр зы пIэм зэримытым и щIыхьэтщ усакIуэм ди литературэм щыщIэщыгъуэ жанрхэр къызэрригъэIэрыхуэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, критикэмри, литературэдж щIэныгъэлIэкIми, щIэджыкIакIуэ-зэхуэмыдэ нэхъ ягу дыхьа, адыгэ литературэм и лъэбакъуэщIэу къалъыта «Мывэ лъэхъэнэ» романмифыр. Езы тхыгъэр усакIуэм зи къупхъэ иригъэззэгъа жанрыр щIэщыгъуэу, абы къыдэкIуэуи, езы роман-мифыр усэу тхаущ зэрыщытыр Iэхум кьыхэплъытэмэ, «Мывэ лъэхъэнэ»-р иджырей лъэпкъ литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм зэращыщыр шэч зыхэмыльыж Iэхъугъуэщ. Мифыр и лъабжьэу абы къыщыгъэлъэгъуэжащ адыгэм и тхыдэ лъыкIепсыкIыр. Лъэпкъым и блэкIам и напэкIуэщI шынагъуэхэм я щхьэусыгъуэхэр, апхуэдэуи роман-мифым и мурад, идее нэхъыщхьэр мифологие образхэм пэгъунэгъуэу усакIуэм кьигъэщIа Хьэнэ1у и псалъэхэм щIагъыбзэ куукIэ щIэгъэпщкIуауэ тхыгъэм къыщокIуэ: «- *Жьыгхэм сытри ядэнущ, Ауэ зэикI ихофыгъуэнукъым Жьыг. Жьыг иукIыркъым жьыг, Ауэ щыхъукIэ - Нэхъыфкъэ мы жьыгхэр».*

Адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэщ Бещтокъуэм и пьесэхэмрэ драмэ-поэмэхэмрэ: «Имыс», «Истамбыл къиКIа джэду», «Нэсрэн ЖьакIэ» («Адыгэ Прометей»), «Кхъуафэжьейкlэ хым зэпрысыкIэр», «Сэороботр». Мы тхыгъэхэм къыщыгъэльэгъуащ нобэрэй гъащIэр, лъэпкъ интеллигенцэм и псэуклэр, щэнхабзэм и щытыкIэ гугъэр.

ЩхьэхуэУ къытеувыIапхъэщ Бещтокъуэм и тхыльыщIэм - 2012 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Дыщэхурэ фIамыщIрэ» роман-дневникым. Тхылъым ихуащ адыгэ литературэми, нэхъ убгъуауэ къапщтэмэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэхэми щыщIэщыгъуэ жанркIэ - лирикэу гъэпса роман-дневникыу - тха тхыгъэшхуэмрэ поэмэхэмрэ («Адыгэ Прометей», «Имыс», «Сэороботр» драматическэ поэмэхэр, «Зауэ щIыIэр» поэмэр, «Истамбыл къиКIа джэду» трагикомедиер).

Къызэрыхдгъэщащи, «Дыщэхурэ фIамыщIрэ» тхыгъэр зи жыпхъэ и лирикэу гъэпса роман-дневник жанрыр ди литературэм и лъабакъуэщIащ. Ар зы гупсысэ кIапэкIэ зэпыщIа усэ щищу зэхэтщ. А гупсысэ кIапэр зы псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым, езыри налъэналъэу зэтопщIыкIыж, ауэ тхыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы щынэхъыщхьэр адыгэм и дунейрщ, лъэпкъым и гъащIэрщ - и тхыдэ гущIыхьэрщ, и нобэрей щыIэкIэпсэукIэрщ.

Зэ епльыгъуэкIэ гу лъымытэу, ауэ гупсэхуэ щIэбджыкIмэ наIуэ кхъэхуу роман-дневникым къыхонэхуэкI сабиигъуэм и IэфIагъкIэ, гупсэфIкIэ псыхьа сатырхэр. ГъащIэгъэнщ апхуэдэ гупсысэхэр усакIуэм къызэриIуатэ сабиибзэри:

Ухуэмызауэ пIэрэ блэкIыу
Ди сабиигъуэм,
ЧыцI цIыкIухэр щIыгъуу къызэплъэкIыу,
Хьэу цIыкIухэр щIыгъуу?

Роман-дневникым и 35-нэ уэсм - «Адыгэ гущэкъу уэрэд» зыхIущIэм - усакIуэм сабиим зэреубзэ бзэ щабзкIэ къыщIелуэтэж адыгэм и блэкIа гурыфIыгъуэншэр, апхуэдэ къызэрэтэкIэкIа лъэпкъым пIащIыгъуэрэ ныкъуэм щIигъуэу къефыкI узым щIэпщэ щIыкIэу, ар нэхъ кIащхъэ зэрищIыным пылъу:

Уи хьэбзэжьыр къызэгъэщIи,
Кууу, IэфIу жей...
ГукъэкIыжхэм псэр хагъэщIу
ТIэкIу сагъэгужьей.

Тхыгъэр зэрыт жанрми къызэригъэнаIуэщи (дневникыу щыщIэткIэ), абы щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр усакIуэм и гъащIэм гузэпIэ имыIэу епхащ, нэхъ пэжу жыпIэмэ «Дыщэхурэ фIамыщIрэ» роман-дневникыр автобиографическэ тхыгъэу къэльытапхъэщ. Псом ящэу абы кьыхащIыр усакIуэм и гъащIэ гугъусгъыгъущ, и псэ пIащIэрщ, игу мызагъэрщ. Араш тхыгъэм хэт усэхэм яяхъэзым абы *«усакIуэхэр - бзэлъыхъэмыкIщ»* жиIэу щIыщитхыр. Апхуэдэ «бзэлъыхъэмыкI» гъащIэр натIэ зыхуэхъуа Бещтокъуэм езым и псэм и усэкIэ иIэжщ - зэм игъэгуфIэу, зэми игъэгуIэу - тIум щыгъуэми и кьалэмыпэм къыпыкI дэтхэнэ псалъэри игъэпэжыфу *(«Къулыкъурэ сомкIэ сымыуэ, ЩIэуэсэр зыщIэр езы псэрщ»)*, пэжыр жиIэн папщIэ «и псэм мывэ къыщирльэфэкIыу» *(«Нэпс щIэту уэ къьблэгъауэ Уи къыртIымкIэ елкъыхьажщ»)*.

«Дыщэхурэ фIамыщIрэ» роман-дневникым хьэхэ усэхэм я нэхъыбэр ящIэль философие гупсысэкIэ, я къэIуэтэкIэкIэ афоризмэхэм пэгъунэгъущ. Псалъэм папщIэ, я мыхьэнэри куурэ езыхэри гъэщIэгъэну гъэпсащ мы сатырхэр: *«Куэд елъытащ узышэм псафэ»; «Гугъум я нэхъ зыхьэр зыхьри Насып жыгымкIэ йопльэкI»; «ГъащIэр - зы бзуэгъуэщ, Ущежьжьым деж Ауэ зы IубыгъуэИ Здэпщтэу ямыдж»; «Поэзиер мы щIыгум щатхми, Мо узэгум псэкIэ пэгъунэгъущ»...*

Бещтокъуэ Хьэбас ноби адыгэ литературэм жьыджэу къежьыжьыж, ар ди усакIуэ нэхъ пажжэм ящыщщ. Абы и творчествэр нэхъ куу хъуущ, гъащIэм и щэхуэр псэкIэ къыхутэу, кьихутар усэбзэ дахэкIэ ди пащхьэ кьрилъхьэжьыфу къогъуэгурыкIуэ. Лъэпкъыр зэрыгушхуэ усакIуэ щэджащэм дохуэхъэу и гъащIэри и гуащIри кIыхь хъуну!

ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

ДЫЩЭХУРЭ ФIАМЫЩIРЭ

Лирикэу гъэпса роман-дневникым щыщ пычыгъуэхэр

30 * * *

Си джанэр щысхри сытIысащ,
Акъужьыр хуиту къепщэт,
Ди гъащIэм тIэкIу сегупсысащ,
Гупсысэм сритепщэу.

Тепщэгъуэ гуэри симыIа,
Мылъкушхуи сылъыхъуакъым.
МазэщIэм сигу къысфIиуIам
СемыIэзащIэу хъуакъым.

25.07.2007

32 * * *

Зэгуэр Iэтауэ яхьа ныпыр
Иджы зэм-зэм драIэтей.
ПхущIалъхьэжамэ лъэпкъ насыпыр,
Ухуеймэ дапщэри пIейтей.

Гууз-лыуэм дыхэмыкIыу
Дызэрыпсэуэр хэт къыкфIэIуэху?!
Е щIэс уи унэ ущIэмыкIыу,
Е кIий, Iуэху ущIу уатхьэлэху.

07.07.2007

33 * * *

Укъэмыкlуэ ныжэбэ, Булгаков,
Уи Емынэм зегъэгъэпсэху.
Ар къызыхуэпхьыжыни къэнакъым,
Хэмытыж кIэнтхъ къэнар зауэ Iуэху.

Укъэмыкlуэ Балъкъ Iуфэ, Якоби,
НыIуахуа шагдий жэрхэр мэщэIу,
Я щэIу макъыр къэIусу ди нобэм,
Теса лIыкфIхэм къалъос ди тхьэлъэIу.

08.07.2007

37 * * *

Бзур мэфий, къуаргъыр магъ,
Зы губжь гуэр зэщIагъэст.
Мы жыгышхуэм и щIагъ
Дрикъуху дыщIэгъэс.

Мы дунейр нэхъ къагъэплъ,
Мэхъу шынагъуэр нэхъ куэд.
TIэкIу мо уафэм дегъэплъ,
TIыс, уи узыр укIуэд.

Мы жыг щхъуантIэм и щIагъ
Дрикъуху дыщIэгъэс.
Мы дунейр зи дахагъ
МащIэ-мащIэу ягъэс.

19.08.2007

39 * * *

Къыщигъэзэжкlэ зызэIупхынщи,
ГъащIэр щIэщыгъуэу плъытэнщ,
Е - уи гурыгъуэм бэджыхъкIэ уапхынщи,
Бэджхэри къыптегуплIэнщ.

20.08.2007

54 * * *

Тамбукъан гуэлым деж щыпаупщIри,
Бзыхьэхуэ бгъузэ къытIъысыжащ.
ПлъэкIмэ ныкъуэкъуэ,
пфIэфIмэ щIэупщIэ - Дыкъызэщагуэри дакъузыжащ.

Зэныкъуэкъу куэдым гъащIэ къилэжьмэ,
Адыгэ Хэкум нэхърэ нэхъ нэху
Зы щыхьэрышхуи, зы къэралыжьи
ЩIым щыбгъуэтынкъым, сигу...
Зыгъэпсэху.

2007

61* * *

НакIуэ бжьыхьэ хадэм,
Дахэу дыхэгъэт.
Акъужь къыхэлъадэм
Жэуап гуэр едгъэт.

Дыхэмыльэдэфми,
Фыуэ зыдгъэпльыхь.
НакIуэ - ди хадэфIым
ТхуегъэтIыгъуэ пщIыхь.

10.10.2007

63 * * *

Е уэс? Е жэп? Мо хужьыр, щIыIэр?
Тхъэм ещIэ - пIалъэр хъсагъэнщ.
ЩIалэгъуэр... Дэнэ ар здэщыIэр?
Гум и пщтырагъым хисхьагъэнщ.

Е уэс? Е жэп? Мо хужьыр, щIыIэр?
Къыпхуэзэшауэ къехагъэнщ.
Псэхугъуэр... Дэнэ ар здэщыIэр?
Уплейтейуэу бгъэщтагъэнщ.

11.2007

111 * * *

Сыкъэтэджмэ - усIъагъунущ,
Сыгъуэлъэныжмэ узипщIыхьщ.
Уэрыншамэ - псэр сфIэгъунущ,
Уэрыншамэ - гур Iыхьшыхьщ.

Илъэс Iэджи уэ ущыIэу
Сымыщ1эххэу есхьэкIащ.
Жьы сыхъуауэ Дуней щIыIэм
Дыгъэу укъыщыкъуэкIащ.

06.08.2008

132 * * *

Фыгъуэ-ижэ - адыгэ синдром,
Мы дунейм щыблэжьащ уэ зыкъом
Хьэгъэщагъэу, хьилагъэу, бзаджагъэу,
Лъэпкъым джжкIэ насыпншагъэу.
Фыгъуэ-ижэ, адыгэм ди лышх,
Ди лъэпкъылъ, ди насып къызыпых.

10.2008

134 * * *

Ди бзэр мэужьыхыжьыр,
Лъэпкъри мэужьхьы.
Ди псалъэ курыхыр
ЩIэблэм зэхимых.

Тхыдэм хэбзэхэжхэм
ЯIэн гукъыдэж?!..
ГъэтIысхьэн къыхэжхэр
Жэп къехам егъэж.

03.11.2008

137 * * *

Адыгэ псалъэм и бзуэкIэ,
Адыгэ псалъэм и щыIэкIэ,
Дэ гунькъуэгъуэу диIэр уэркIэ
МыIуэтэгъуафIэ тхыбзэ пщIэкIэ.

Ди тхыдэр ябзри ядыжауэ
Дыкъаруунщэу дыззэхсщ.
Пхуэдмыщ1эфар - умыщI уи жагъуэ,
Тхуэзфlэкlар - уи дыгъэ нэпсщ.

10.11.2008

142 * * *

Мыкуэд хуэныкъуэр пщIахэм,
Ухуеймэ зыфIыщIыж...
ЦIыхубэр зыфIыщIахэм
Фэеплъ хуагъэувыж.

Фэеплъи кхъащхьэдэси
Дылъыхъуэу дымыпсэу.
Бзаджагъэр жьантIэдэсщи
Етхьэлэ дуней псор.

14.11.2008

174 * * *

Жыгхэр. Нэхур. Мазэр.
Акъужь къэушыхыр.
Уи псэр зэгъэшыпхъэ
Лъагъуныгъэ жыжьэр.

Лъагъуныгъэ жыжьэу
Фэбжь псэм хэхъухьар.
Уи акъыл къэгубжьу
Куэдрэ хэкъуэуар.

02.01.2009

183 * * *

Лашэрэ Къамботрэ
Нэгум къыщIохьэж.
КъыщIохьэжыр куэдрэ,
TIуми сахуоэзш.

Я бзэм и бзуэкIэм,
Я псэм пэж хэлъам,
Зэдэгушыпэкlэ
Лъэпкъым IэщIэкIам.

09.01.09

223 * * *

Къытедгъэзэжурэ жыдвгъэIэ,
Е жыдмыIэхъхэу дыщывгъэс,
Бзэ димыIэжмэ - гъащIэр щIыIэщ,
Бзэнэшэжыр Тхьэм къытлъимыгъэс.

ЩIы уимыIэжмэ, бзэ уимыIэм - Лъэпкъ жыхуаIэжыр сытыра?
Е узгум и гур къытхуэщIыIэ?
Мы ди щIыр щхьэ къытщIэпщтыра?

22.11.2009

272 * * *

Лъэпкъ зэбграхуа,
Зи щхьэ хуимытыж.
Уи фэм дэбгъэхуар
Псапэу тхьэм къуитыж.

Уахэшыпсыхьыныр - Ар дуней насып?!
Бэлыхь псори пхьыну
Къралъхьат уи щIыб?

15.01.2011

298 * * *

Сомыгъаджэ Къэбэрдейм и тхыдэм,
Седжэмэ, сымаджэ сыщIохъуэж.
Хьыхьэмэ гупсысэр гъэдэщIыдэм-
КъуаIарэ щэIуу къыщIопхъуэж.

Сумыгъаплъэ ипэкIэ жьыжьэIуэу,
Пшагъуэр гъуэзым сфIыхощхьэрыуэж.
Дызылам дэ, къихьэу ди гущIыIум,
Дауикl, иIэщ уэ къешынэуэж.

19.04.2011

Лъэужь дахэ къэзыгъэна Шэрыlужь Анатолэ

● Фэеплъ

КЪБР-м и цIыхубэ артист, республикэм гъэзэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «И лэжьыгъэфIым папщIэ» медалымрэ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденымрэ зыхуагъэфэща Шэрыlужь Анатолэ псэужамэ, мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 85-рэ мирикъунут.

ШЭРЫIУЖЬ Анатолэ Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. 1953 гъэм Москва дэт ГИТИС-м и актёр факультетым щIэтIысхьащ, адыгэ студием хэту. 1958 гъэм еджапIэр кьуихуу Налшык къыгъэзэжа нэужь, ШоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ. А IэнатIэм пэрытащ 1961 гъэ пщIондэ, ГИТИС-м и режиссёр факультетым щIэтIысхьэжьхукIэ. ЕджапIэр ехъулIныгъэкIэ къыщиухым, Барнаул лэжьакIуэ игъэкIуащ. КъБАССР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ, Анатолэ иужькIэ Налшык къашэжащ. Ар лэжьащ Музыкэ театрым и режиссёру, режиссёр нэхъыщхьэу, художественнэ унафэщIу.

Зи IэщIагъэм хуэIэижь режиссёрт Шэрыlужьыр. Абы фIыуэ къехъулIэрт ди тхакIуэхэм я пьесэхэм къытращыкI спектаклхэри дунейпсо классикэри. Анатолэ игъэува оперэхэмрэ опереттэхэмрэ цIыхухэм ягу кьинэжащ. Апхуэдэхэщ, Верди Джузеппе и «Травиата», «Риголетто», Леонкавалло Руджеро и «Паяцы», Бизе Жорж и «Кармен», Къардэн Хьэсэнэр Балэ Мухьэдинрэ зэдатха «Мадинэ» оперэхэр, Листов Константин и «Севастопольский вальс», Модынэ Доменикэ и «Чёрный дракон», Эшпай Андрей и «Звезда экрана», Легар Франц и «Цыганская любовь», Портнов Георгий и «Улыбнись, Света», Балэ Мухьэдин и «Шэмхьун и фызышэ», Кальман Имре и «Сильва», Фельцман Оскар и «Пусть играет гитара», Штраус Иоганн и «Цыганский барон», Александров Борис и «Свадьба в Малиновке», Молэ Владимир и «КъагъэпцIа псэлъыхьухэр», Легар Франц и «Весёлая вдова», Жырыкъ Заур и «Гум и щэхухэр», Портнов Георгий и «Третья весна» опереттэхэр, нэгъэущIхэри. Анатолэ и лэжьыгъэхэр цIыхухэм ягу дыхьэрт икIи пэшым щIэуэ кьыкIуалIэрт. РежиссёрIэзэм игъэува спектаклхэр Музыкэ театрым и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ. Дэтхэнэ зы артистми абы бгъэдыхьэкIэ кьыхуигъэтыфу зэрыщытар и щыхьэтщ лэжьыгъэм ар гу кьабзэрэ псэ хьэлэмкIэ зэрыпэрытар.

ШэрыIужь Анатолэ, Ерчэн Леонид, Къардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин, ШIумахэр Владимир сымэ къаруушхуэ ирахьэлIащ. Музыкэ театрыр кьиззIухьныгъэр пщIэрэ кьыпэкIуэу щагъэлъэгъуащ щIыпIэ Iэджэм - Москва, Харьков, Псков, Ереван, Новгород, Краснодар, Дон Іуэ Ростов, Ереван кьалэхэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн, Адыгей республикэхэм, нэгъэущIхэми. Музыкэ театрым и архивым щахъуэмэ абы и лэжьыгъэ зыбжанэ. Анатолэ хэлъхьэныгъэфI хуиущащ щIыналъэм и щэнхабзэм зегъэужьныным, щIэблэр псэкIэ кьулейуэ къэгъэтэджным. Аращ Къэбэрдей-Балъкэрым и тхыдэм ШэрыIужь Анатолэ и цIэр дыщэ хьэрфхэмкIэ тхауэ кьыщIыхэнар. Абы и цIэр фIащынущ ар щыпсэуа Псыгуэнсу кьуажэм и уэрамхэм ящыщ зым.

И лэжьэгъухэм, и ныбжьэгъухэм Шэрыlужьыр ягу кьинэжащ зэфIэкI имымащIэми, зи щхьэ щытхъужьыр зыхфIэмыдэ, зи Iэдэбагъымрэ щэныфIагъымрэ нэхъри игъэбжьыфIэ цIыху гуапэу. АпхуэдизкIэ гушыIэ дахэр и Iэпэгъуэ, мыхьэнэшхуэ имыIэу кьэлплъытэ зы Іуэхугъуэ гуэрым теухуауэ гъэщIэгъуэн гуэрхэр абы кьыпкърыкIырт.

Щхьэх жьыуаIэр зымыщIэ лэжьакIуэшхуэт ар. Зи ІуэхущIафэхэр щалъхьэу, цIыху Іущу, гъэсауэ, щабэу дунейм тета и лэжьэгъум икIи чэнджэщэгъуэм Музыкэ театрым и артистхэр тригъэгушхуэрт, Іуэхугъуэ куэдым гу льитэрт. Ар сыт щыгъуи зыдэIэпыкъуу щыта и лэжьэгъуэхм я зэфIэкIкIэм зриГъэужьу зэрыщытам папщIэ Іофу ягу кьызэринэжар гуапэщ. ШэрыIужь Анатолэ нобэ кьаззрыхэмытыжьыр ягу кьоуэ, абы зэрыщыщIэр кIуэтэху нэхъри зыхащIэ, артист, режиссёр Іэзэу зэрыщытар щынэрылъагъу и спектаклхэр ялъагъуху и фэеплъыр зэрымыкIуэдыжынур я къэкIыщ. ШэрыIужь Анатолэ пасэу, цIыхухэми, дуней ми, гъащIэми гу щимыхуауэ дунейм ехьжами, ар фIыкIэ ягу кьыщIинэн лъэужь дахэ кьигъэнащ. Абы и фэеплъ нэхур и бынхэм - Анзоррэ Залинэрэ - я гъуэзэу, абы хуэфащэу мэпсэу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Джэрыджэ Іэбубэчыр щыпсэуа уэрамым ветераным и цIэр фIащыж

А махуэм ирагъэкIуэкIа пэкIум хэтыну Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ куэд къызэхуэсат. Абыхэм яхэтт Бахъсэн къалэм и администрацэм, Бахъсэн къалэм, Бахъсэн районым, Дзэлыкъуэ районым я дзэ комиссариатхэм я лIыкIуэхэр, щыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ советым и депутатхэр, ветераныр фIыуэ зыщIыхуу щытахэмрэ Джэрыджэ лъэпкъым я нэхъыжьхэмрэ.

БАХЪСЭН къалэм хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм и Кыщпэк уэрамдэкIым Джэрыджэ Іэбубэчыр Жамбот и къуэм и цIэр зэрыфIащыжьам теухуа пэкIур къыщыщIэуихым Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Бырхьэм Залинэ жиIащ къалэ округым зегъэужьным, щIалэгъуалэр гъэсэным я лъэныкъуэкIэ ветераным куэд зэрызэфIигъэкIар.

Дзэ комиссариатым и унафэщI Сосналы Мухьэмэд къыхигъэщхьэхуэкIащ Джэрыджэ Іэбубэчыр хуэдэ цIыхуэхм иджырей щIэблэр зэрыригушхуэр икIи зауэм жыджэру хэта ветераным и фэеплъ пхъэбгъур гъэхьэзырным зи кьару езыхьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ.

ПэкIум апхуэдэу къыщыпсэльащ ветеранхэм я район зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Абазэ Хьусен, Дыгулыбгъуей къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Къуэдзокъуэ Лолэ, Джэрыджэ лъэпкъым я нэхъыжь Джэрыджэ А. сымэ.

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ.

● Ди псэлъэгъуэр

ХЪАЛИЛ Жаннэ:

ЦIыхум сэбэп сызэрыхуэхъурщ си гурыфIыгъуэр

Налшык дэт поликлиникэ №3-м физиотерапиемкIэ и къудамэм и унафэщIу Хъалил Жаннэ илъэс пщыкIущым щIигъуауэ мэлажьэ. Абы и гуащIэдэкIым теухуауэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Жаннэ, дохутыр ІэщIагъэр дэнэ щызэбгъэгъуэта, къудамэм и унафэщI ухъун и пэ сыт хуэдэ Іэнатlэ упэрыта?

- Школ нэужьым «Дружба» комбинатым илъэскIэ сыщылэжьащ. ИтIанэ КъБКЪУ-м медицинэмкIэ и факультетым сыщIэтIысхьащ. Курсихэр кьэзухри, къызэджа гуп сахэту, Орёл къалэм сагъэкIуащ ординатурэм сыхуеджэну. Абыи зы илъэскIэ си щIэныгъэм щыхэзгъэхъуащ.

1992 гъэ лъандэрэ мы поликлиникэм сыщыIэщ. ЩIыпIэ (участковэ) дохутыру кьыщIэздзащ. Сыдихьэхыу сыпэрытащ а Іэнатlэм. Ауэ куэд дыдэри сымылэжьауэ, унагъуэ сихьэри, пIалъэхэ лэжьыгъэр кьэзгъэнащ. Поликлиникэм кьыщызгъэзэжам терапиемкIэ къудамэм зэман гуэркIэ сыщыIащ. Си унафэщIу щыта Нэхущ Зое куэдым сыхуигъэсащ. ИужькIэ физиотерапиемкIэ къудамэм сыкIуащ. Абы щыгъуэ ди унафэщIу щыта Тхьэкъуахьуэ Людмилэ и чэнджащэр кьысхуэщхьэпэжащ. А бзылъхугъэмIым сыт гуэрми фIыщIэ яхузощI.

- УзиунафэщI къудамэр кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэща, сыт хуэдэ узыфэхэм нэхъ феIэзэр?

- 2005 гъэ лъандэрэ къудамэм и унафэщIу солажьэ. ЖысIэфынущ, къудамэр хъарзынэу кьызэгъэпэщащ ІэмэпсымэкIи, нэхъыщхьэращи, Іэщ Iагъэм хуэпэж лэжьакIуэкIи.

Массаж щащI, Іэпкълъэпкъыр зэщIэзэгъэкI физическэ зарядкэ щагъэкIуэкI, УФК пэшхэр диIэщ, кварц, дорсенвальд, электрофорез, магниотерапиекэр идогъэкIуэкI. Сымаджэхэм дызэреIэзэ Іэмэпсымэхэр кьызыхуэтыншэу диIэми, иджы кьежьа техникщIэхэм ящыщу абы яхэтыр мащIэщ. Нэхъыбэу дызэрылажьэр нэхъ пасэу кьыдагъэкIаХэращ. Ауэ, пэжым ухуейми, сэ а Іэмэпсымэ тIорысхэм нэхъ си дзыхь язогъэз. ТехникэщIэхэр нэхъ кьутэрейщ, нэхъ лейуэ кIэлъыплъыжьым, щыжьын хуей мэхъу. Поликлиникэм и унафэщIым сыт щыгъуи и нэIэ тетщ дызыхуей Іэмэпсымэхэр зэрыдIэным.

- Уи лэжьакIуэхэм я гугъу уэзгъэщIынут...

- ПэжьакIуэу къудамэм цIыхуи 10 щыIэщи, дэтхэнэри и Іэнатlэм гурэ псэкIэ пэрытщ. Си ягъкIэ къудамэм и унафэщIу лэжьа Тхьэкъуахьуэ Людмилэ и нэIэм щIэту лэжьа гупщ ар. Абы и фIыгъэщ дызэгурыIуэ-дызэдэIуэжу, зы унагъуэшхуэ хуэдэу дызэхущыту дызэрызэхэтыр, ди зэхуаку зэи псалъэмакъ лей кьыщIыдэмыхьуэр.

- Къудамэм и унафэщIу ущытыныр тынш?

- Хьэуэ, тыншкъым - жэуаплIныгъэншэу уохъ. ЦIыхум сэбэп саззрыхуэхъурщ си гурыфIыгъуэр - нэгъэущIу дохутыру улэжьэфынукъым. Ди къыдэкIуалIэхэм хьэл-щэн зырыз яIэщ - псоми я зыщIыкIэр дигу иримыхьыни хэлъщ. Ауэ дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ тэмэм хъахудогъуэт.

Епсэльар

НАФIЭДЗ Ахлимащ.

● Иджырей пятнборье

Япэ ищахэр

«Динамо» физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэр илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ иджырей пятнборьемкIэ республикэ зэхьэзэхуэ зэIуха. Ар къызэрагъэпэщащ КЪБР-м Иджырей пятнборьемкIэ и федерацэмрэ зэгухьэныгъэм ди республикэм щIэ и къудамэмрэ.

МЕДАЛХЭМ щIэбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым-рэ Ставрополь краймрэ щыщ спортсмени 100-м нэблагъэ. Ди республикэм и гупым хэтащ Налшык, Май къалэхэм зыщызыгъасэхэр.

НэхъыщIэхэм я гупищыр - 2004-2009 гъэхэм къалъхуа щIалэ, хъыджэб щыкIуэхэр - двоеборьемкIэ зэхьэзэхуащ. Ар къызэдэжьэнэ псы есынрэщ. Нэхъыжьхэр зэпеуад пятнборьем къызэщIиубыдэ лIэужьыгъуэ псомкIи.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Налшык щекIуэкI зэхьэзэхуэм къорхьэлIэ Ставрополь щыщ ныбжьыщIэхэр. Мы гъэм ахэр хэтащ двоеборьеми, троеборьеми.

Я ныбжь елъытауэ гуэшауэ щыта гупхэм пасэныгъэр щаубыдащ ГъуIакъуэ Мурат (Налшык), Залевская Элинэ (Ставрополь), Хьэшкlул Бесльэн (Налшык), Гуэн Мазиэз (Ставрополь), Іэпщ Темболэт (Налшык), Ахкубековэ Самирэ (Налшык), Жылау Ахьмэд (Налшык), ГъуIакъуэ Регинэ (Налшык) сымэ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

● Спорт бэнэкIэ

Дыщэ медали 9

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм и унэм мы махуэхэм щызэхэтащ накъыгъэ мазэм ди бэнакIуэхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ къагъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэхэр теухуа пресс-конференц. Апхуэдэхэщ альидж-урым, бэнэкIэ хуитымкIэ ныбжьыщIэхэм я европэпсо зэхьэзэхуэу Македониием щекIуэкIар. Дзэм къулыкъу щезыхьэкIхэм я дунейпсо чемпионату Мэзкуу щызэхэтар.

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ КЪБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, спортсменхэм я гъэсакIуэхэр, зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэр.

Алыдж-урым бэнакIуэхэм Европэ зэхьэзэхуэм медалитI къыщахьащ. Зи хьэлъагъыр килограмм 55-м нэблагъэхэм я гупым и кIэух зэIущIэм ХъуэкIуэн Альберт щефIэкIащ Маканенкэ Глеб икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. Гъэныбэ Іэуес (кг 80) жэз медалыр кьихьащ.

Бэнэкlэ хуитымкIэ европэпсо зэпеуэм пашэныгъэр щиубыдащ зи хьэлъагъыр килограмм 80-м нэблагъэхэм я гупым щыбанэ Тембот Ахьмэдхъан.

Бэнэкlэ лIэужьыгъуитымкIи Урысейм и командэ кьыхэхам зэхьэзэхуэм япэ гуп увыпIэхэр щаубыдащ.

Дзэм кьулыкъу щезыхьэкIхэм альидж-урым бэнэкIэмкIэ я дунейпсо чемпионату ЦСКА-м и спорткомплексым щекIуэкIам урысей бэнакIуэхэм медаль зэмылIэужьыгъуэ 9 кьыщахьащ (абыхэм ящыщу 6-р дыщэщ) икIи япэ гуп увыпIэр яубыдащ. Къэралым и текIуэныгъэм медалитIкIэ хэлъхьэныгъэ хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм.

Зи хьэлъагъыр килограмм 60-м нэблагъэхэм я гупым и финал зэIущIэм Локьяев Жамболэт нэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ Азаев байрамжаным щыщ Мамедов Мурад нэхъ-рэ икIи дыщэ медалыр къихьащ.

ЕтIуанэ текIуэныгъэр къэралым къыхуихьащ Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ (кг 87-рэ). ЗэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нэмысу абы хигъэщIащ иран бэнакIуэ Ализаде Арман.

Ди щIалэхэр игъасэ Асльэн Азэмат, Къардэн Анзор, Локьяев Юрий, Белгъэрокъуэ Эдуард, Елчэпар Мурат сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Интернетыр зэран хъууэ къэзылъытэхэр токIуэ

● Абы дегъэпIейтей

АБЫ ЯХУЕБЛЭГъАТ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Гугъуэтыж Ахьмэд, «Шэрджэс ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Жылагъащтэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ Бейтыгъуэн Жамболэт, КъБКъМУ-м и студент Хъуран Лианэ, Тэрч щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и лIыкIуэкIу Къыщ Жаннэрэ Пщыкl Замирэ.

Псалъэмакъыр зытеухуауэ щытар интернетымрэ щIалэгъуалэмрэ я зэхущытыкIэрат. Абы ипкъ иткIэ еджакIуэхэм гупитIу загъэшат: интернетым и Іэпэгъуэхэмрэ ар зэран хъуэу къэзылъытэхэмрэ.

Ди гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыдэ хъуа интернетым и фIагъ псори утыкум кърахьащ абы и Іэпэгъуэхэм. ЕджакIуэхэм щапхъэкIэ щIагъэбыдэжурэ кьыжаIащ иджыпсту, лъэбакъуэ лей умычу, унэм ущIэсу Іэзэу куэд зэрызэфIэбгъэкIыфыр, псалъэм папщIэ интернет-тыкуэнхэм ущыщащхуэ, зыгъэпсэхуакIуэ е нэгъэущI щыпIэ укIуэнумэ, тIысыпIэхэр тыншу зэбгъэпэщ зэрыхъур, дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм я хъыбархэр псынщIэу кьызэрыпщIэфыр, еджэныгъэмкIи лэжьыгъэмкIи сэбэп зэрыхъур.

Интернетыр зымыдэ гупми зэралъэкIкIэ я епIыкIэр яIыгъыжащ. Абыхэм ар хэмыту уэзэрыпсэуфынур. Щапхъэуи кьахьащ ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм я блэкIар, ахэр икIи нэхъ зэгурыIуэу, зэхуэгуапэу, зэрыщIэу зэрыщытар. Гъунапкъэншэ дуней щхьэхуэр кьызэрыунэхурэ цIыхухэр зэрымылъагъуэ, зэрымыщIэж, нэхъ сымаджэрилэ хэмыту уэзэрыпсэуфынур. Щапхъэуи кьахьащ ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм я блэкIар, ахэр икIи нэхъ зэгурыIуэу, зэхуэгуапэу, зэрыщIэу зэрыщытар. Гъунапкъэншэ дуней щхьэхуэр кьызэрыунэхурэ цIыхухэр зэрымылъагъуэ, зэрымыщIэж, нэхъ сымаджэрилэ зэрыхъуари жаIащ. Псом хуэмыдэу нэм, бгым, псантхуэм, щхьэм зэран зэрахуэхъур, узынщагъэм нэхърэ нэхъ лъапIэ дунейм зэрытемытым, абы укIэлъыплъым зэрыхуейм, нэгъэущI куэдми щапхъэкIэ щIагъэбыдэжурэ тепсэлъыхьахэщ.

ТекIуэ гупыр наIуэ зыщIыну, зэIущIэр зэхуищIыжыну псалъэ зрата Гугъуэтыж Ахьмэд къыхигъэщащ езыхэм къабзэдэкI псалъэкIэ гъэхуауэ, шэрыуэу, зэхэщIыкIыгъуэу еджакIуэхэм жэуап зэратар къэпщытакIуэхэм ягу зэрыгъэхьар. Балл бжыгъэ ягъэувэжкIэ япэ ищар интернетым «жагъуэгъуэхэрати» абыхэм фIыщIэ тхьилъ, зэпеуэм хэтахэм щытхъу тхэлъхэр хуагъэфэщащ. НэхъыфIу джэгуа еджакIуэхэм махуэр гукъинэж ящыхьэн папщIэ тыгъэ цIыкIуэхэри ираташ. Ахэр зыгъэхьэзыра адыгэбзэмрэ литературэмкIэ курыт школым щезыгъэджэ Хьэрэдуэр Эммэ къыщрахьуэтей щIэблэм анэдэльубзэр яIурылъу къэгъэтэджным илъэс куэд щIауэ зэрытелажьэм папщIэ КЪБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм къыбгъэдэкI щIыхь тхьилъыр хуагъэфэщащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаcэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхьэ секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжьыкъэ Алик, ЩхьэщымыщI Иза.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэжьрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТелефонхэР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Iапl эхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэныкIэ, экологиемрэ спортымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм ящыщыхьэ бжыгъэхэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщIэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Iапl эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редактору* **Жылаcэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмат** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Марин, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 1.901 ● Заказ №555